Wo’zbekstan Respublikasi’ joqari’ ha’m worta arnawli’ bilimlendiriw ministrligi

Berdaq atındag’i’ qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti

Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’

qoljazba huquqi’nda

**Worazbaev Zaman**

# Sh. Seytov shi’g’armalari’nda janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri

Qa’nigelik: 5A220102 – Lingvistika (qaraqalpaq tili)

Lingvistika magistri da’rejesin ali’w ushi’n usi’ni’lg’an

# D I S S E R T A C I Y A

| | | |
|---|---|---|
| Magistrlik dissertatsiya Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’nda ko’rip shi’g’I’ldı ha’m qorg’awg’a usi’ni’ldi’.<br><br>Kafedra basli’g’I’: akad. A.Da’wletov<br><br>«______» _____________________ 2011-ji’l | | İlimiy basshi’:_____________<br>f.i.k., doc. İ.Seytnazarova |

No’kis – 2011

## Mazmuni’

- Jumi’sti’n’ uluwma si’patlamasi’……………...................…….3
- Kirisiw……………………………..………..………………7
- Janapaylar haqqi’nda uli’wma tu’sinik
- Janapaylardi’n’ qaraqalpaq ha’m basqa tu’rkiy tillerde izertleniw tariyxi’nan

- I bap. Sh. Seytov shi’g’armalari’nda janapaylardi’n’ qollani’w wo’zgeshelikleri……………......................………………15
- 1.Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri……………………………………………16
- 2.Modalli’q ma’ni beriwshi janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri ...................................................................32
- 3.İshki sezimlik ma’ni beriwshi janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri……………………….………………...39
- 4.Forma jasawshi’ janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri …..………………………………..……...43

- II bap. Sh Seytov shi’g’armalari’nda qollani’lg’an janapaylardi’n’ fonetikali’q ha’m grammatikali’q si’patlamasi’ .......................................................................46
- 1. Janapaylardi’n’ fonetikali’q si’patlamasi’..………………....48
- 2. Janapaylardi’n’ grammatitkali’q si’patlamasi’……….……56

- Juwmaq…………………………………………………70
- Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi……………………..…73

# Jumi’sti’n’ uluwma si’patlamasi’

## Temani’n’ aktualli’g’i’

Qaraqalpaq til biliminde geypara fonetikali’q, leksikali’q, grammatikali’q ha’m tildin’ tariyxi’na baylani’sli’ bir qansha ma’seleler sheshilip belgili bir sistemag’a tu’siwine qaramastan, yelege deyin izertlewde, sheshiwdi ku’tip turg’an ma’seleler ko’p. Mine qaraqalpaq til bilimindegi usi’nday ma’selelerdin’ biri - ko’rkem shi’g’armani’n’ tilin izertlew ma’selesi boli’p tabi’ladi’.

Ko’rkem a’debiyat tilinin’ payda boli’w, rawajlani’w ha’m bayi’w ni’zamli’qlari’n izertlew uluwma filologiyali’q ma’selelerden biri boli’p, woni’ izertlewdin’ uluwma bag’dari’ ha’m usi’llari’ ha’r qi’yli’. Ko’rkem a’debiyat tilin lingvistikali’q ko’z qarastanizertlew bul pa’n ushi’n teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye. Ko’rkem a’debiyat tili wo’zinin’ wazi’ypasi’na qaray tildin’ basqa formalari’nan keskin aji’rali’p turadi’. Ko’rkem shi’g’arma tilinin’ wo’zine ta’n yekenligi woni’ ha’m lingvistikali’q ha’m grammatikali’q ha’m stillik jaqtan talqi’lawdi’ talap yetedi. Qaraqalpaq til biliminde ko’rkem shi’g’arma tilinin’ uluwma ma’selelerine arnalg’an bir qatar izertlewler ja’riyalandi’. Bul jumi’slar ken’ ma’nide ko’rkem a’debiyat tili, woni’n’ wo’zgeshelikleri haqqi’nda jeterli mag’li’wmat bere almaydi’.

Ko’rkem a’debiyat tilin u’yreniwdin’ a’hmiyetli usi’llari’nan biri grammatikali’q jaqtan talqi’law boli’p, bul usi’lg’a ko’rkem a’debiyat tilinin’ grammatikasi’n ha’m janapaylardi’n’ wo’zine ta’n qollani’li’w wo’zgeshelikleri u’yreniledi.

Qaraqalpaq ko’rkem a’debiyat tilinin’ ko’mekshi so’zleri ha’zirge shekem ken’ ha’m ha’r ta’repleme izertlengen yemes. Jazi’wshi’ni’n’ tili ha’m shi’g’armalardi’n’ wo’zgesheligi ha’m temalarda jazi’lg’an ayi’ri’m izertlewlerde belgili bir jazi’wshi’ni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ tili haqqi’nda mag’li’wmat berilse, uluwma, ko’rkem a’debiyat tilinin’ grammatikasi’ haqqi’nda jaqsi’ pikir tuwdi’ra almaydi’.

Ko’rkem a’debiyatti’n’ tili – milliy tildin’ bo’legi, woni’n’ ayri’qsha bir ko’rinisi, sonli’qtan woni’ milliy tilden bo’lip shi’g’ari’p taslawg’a bolmaydi’, wol til stilleri sistemasi’nda ayri’qsha wori’ng’a iye. Sonli’qtan da ko’rkem shi’g’armani’n’ tilin, woni’n’ basqa stillerden ayi’rmashi’li’qlari’n ha’m wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ha’r ta’repleme u’yreniw u’lken a’hmiyetke iye.

Qaraqalpaq til biliminde ko’rkem shi’g’arma tilin izertlewler ma’seleleri boyi’nsha izertlewler az. Sog’an qarmastan bul ma’selenin’ ko’plegen ta’repleri yele arnawli’ izertlewlerdi talap yetedi. Biz bul jumi’sta xali’q jazi’wshi’si’ Shawdi’rbay Seytov shi’g’armalari’nda janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgesheliklerin, jazi’wshi’ni’n’ janapaylardi’ paydalani’w sheberligin ashi’p beriwge ha’m si’patlawg’a baylani’sli’ ma’selelerdi so’z yetpekshimiz. Janapaylar ken’ izertlewler ta’repinen so’z yetilse de, biraq qaraqalpaq tilinde ko’rkem shi’g’armalarda jumsali’wi’ yelege deyin arnawli’ tu’rde izertlenilmegen. Soni’n’ ushi’n jazi’wshi’ shi’g’armalari’ni’n’ til wo’zgesheliklerin teren’irek ha’m ha’r ta’repleme izertlew aldi’mi’zda turg’an a’hmiyetli wazi’ypalardan yesaplanatug’i’nli’g’i’ so’zsiz ha’m to’mendegi ma’selelerdi sheshiwge mu’mkinshiligin beredi. Jazi’wshi’ shi’g’armalari’ tilinin’ a’debiy tidi rawajlandi’ri’wdag’i’ xi’zmetin ani’qlawda, woni’n’ a’debiy ko’rinisin bayi’ti’w ha’m qa’liplsetiriwdegi worni’n belgilewde, til qurali’ni’n’ stillik jaqtan bo’liniw jag’daylari’n ani’qlaw ushi’n jol ashi’p beredi. Bul ayti’lg’anlar temani’n’ aktualli’g’i’n ko’rsetedi.

## İzertlewdin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’

Jumi’stan ko’zde tuti’lg’an tiykarg’i’ maqset Shawdi’rbay Seytov shi’g’armalari’ndag’i’ janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgesheliklerin izertlewden ibarat. Usi’ maqsetti a’melge asi’ri’w ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ wori’nlaw dep tapti’q:

- Jazi’wshi’ni’n’ wo’zine ta’n so’z qollani’li’w so’z tan’law sheberligin ko’rsetiw.

- Jazi’wshi’ni’n’ qaraqalpaq so’ylew ma’deniyati’n rawajlandi’ri’wdag’i’ worni’n ha’m xi’zmetin belgilew, a’debiy tilge ta’sirli ma’selelerin ko’rsetiw.

-Jazi’wshi’ shi’g’armalari’nda qollani’lg’an janapaylardi’ semantikali’q jaqtan bo’liw.

- Jazi’wshi’ shi’g’armalari’ndag’i’ janapaylardi’n’ stillik xi’zmetlerde qollani’w wo’zgesheliklerin ani’qlaw.

- Jazi’wshi’ shi’g’armalari’ndag’i’ janapaylardi’n’ ma’nili toparlari’ boyi’nsha tu’rlerin ani’qlaw.

## İzertlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’

Qaraqalpaq til bilimi tariyxi’nda Sh. Seytov shi’g’armalari’ni’n’ til wo’zgeshelikleri birinshi ret izertlenildi. Woni’n’ a’debiy tilinin’ rawajlani’wi’ndag’i’ tutqan worni’ belgilendi. Jazi’wshi’ni’n’ wo’zine ta’n bolg’an janapaylar ha’r ta’repleme u’yrenildi, yag’ni’y shi’g’armani’n’ wobrazli’q quri’li’si’n jasawda jazi’wshi’ni’n’ janapaylardi’ qalay paydalang’anli’g’i’ ani’qlandi’.

## İzertlewdin’ metodlari’ ha’m derekleri

Bul jumi’sta rus qaraqalpaq til bilimi ha’m tyurkologiyadag’i’ morfologiya, grammatika so’ylew ma’deniyati’ tarawlari’nda yerisilgen tabi’slarg’a tiykarlandi’.

Bul jumi’sti’ jazi’w bari’si’nda da’stu’rge aynalg’an konbensial si’patlama, ayi’ri’m wori’nlarda sali’sti’ri’lsa ha’m komponentlik analiz metodlari’nan paydalani’ldi’.

## Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti

Bul kelip shi’g’atug’i’n juwmaq ha’m na’tiyjeler jumi’sta paydalani’lg’an materiallar qaraqalpaq til bilimi ushi’n teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye. İzertlewdin’ ilimiy tiykari’nan ha’m juwmaqlari’na morfologiya, stilistika so’ylew ma’deniyati’ ha’m so’z jasali’w boyi’nsha arnawli’ kurslar, woqi’w qollanbalari’n do’retiw ushi’n paydalani’w mu’mkin. Sonday –aq bul jumi’s til qurallari’ni’n’ funktsional shegaralani’wi’, leksika- semantikali’q toparlarg’a bo’liniwi, janapaylardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin izertlewshiler ushi’n da u’lgi si’pati’nda xi’zmet yetiwi mu’mkin.

## Kirisiw

Janapaylar - morfologiyali’q jaqtan wo’zgermeytug’i’n, ani’q leksikali’q ma’nini an’latpaytug’i’n, dara turi’p qollani’li’w mu’mkinshiligine iye yemes ko’mekshi so’zlerdin’ topari’nan bolg’an so’z shaqaplari’ni’n’ bir tu’ri. Wolar so’zge, so’z dizbegine, al geyde pu’tkil ga’pke ha’r tu’rli qosi’msha yaki u’steme ma’ni beriw ushi’n, sonday-aq modalli’q, ishki sezimlik ta’sirlilik ma’nilerdi bildiriw ushi’n qollani’ladi’. Janapaylar basqa ko’mekshi so’zler si’yaqli’, shi’g’i’si’ jag’i’nan ma’nili so’zler boli’p tabi’ladi’. Biraq tildin’ uzaq tariyxi’y rawajlani’w protsessinde wolar kem-kemnen wo’zlerinin’ da’slepki toli’q materialli’q ma’nisinen ali’slap ko’mekshi so’zler topari’na, yag’ni’y ko’mekshi so’zlerge aynalg’an. [1]

Tilimizdegi janapay so’zlerdin’ haqi’yqi’y ma’nisi a’sirese basqa so’zler menen dizbeklesip kelgende g’ana ayqi’nlasadi’. Janapaylar ba’rqulla ma’nili so’zler menen dizbeklesip keledi. Sonli’qtan janapay so’zler basqa ma’nili so’zler menen keliwi arqali’ wolarg’a tu’rli qosi’msha yaki u’steme ma’nilerdi ju’kleydi.[2]

Janapaylar ko’p ma’nili boli’p kelip, wolardi’ ma’nilik jaqtan belgili bir toparlarg’a bo’liwde u’lken qi’yi’nshi’li’qlar tuwdi’radi’. Janapaylar - ko’mekshi so’zlerden bolg’an so’z shaqaplari’ni’n’ ishinde shatasli’ grammatikali’q kategoriyalardi’n’ biri. Sog’an qaramastan qaraqalpaq tilinde janapaylardi’ ilimiy jaqtan duri’s bo’liw ha’m wolardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelik belgilerin ani’qlaw tuwrali’ yelege deyin izertlenilgen arnawli’ ilimiy miynet joq.[3] Sonli’qtan da janapaylardi’n’ ayi’ri’m so’z shaqaplari’nan a’sirese modal so’zlerden, da’neker ha’m tirkewish so’zlerden wo’zgesheligin, wolardi’n’ shegarasi’n ani’qlaw yelege deyin u’lken qi’yi’nshi’li’q

---

[1] Қырғыз әдебий тилиниң грамматикасы. I бөлүм, Фонетика жаңа Морфология, «илим » басмасы, Фрунзе, 1980, 510 бет.
[2] Дәўенов Е. Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер Нөкис. 1994 85-бет.
[3] Бекбергенов А. жанапайлардың классификациясы 117-120-бетлер.

tuwdi’rmaqta. Bul buri’ng’i’ janapaylar haqqi’nda tu’siniklerge belgili da’rejede jan’asha qaraw kerekligin ko’rsetedi. Sonli’qtan da janapay so’zler yele de toli’g’i’raq izertlewdi talap yetetug’i’n so’z shaqaplari’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’.

Grammatikali’q xi’zmeti jag’i’nan janapaylar bir jag’i’nan da’nekerler menen tirkewishlerge bir qansha jaqi’n boli’p kelse, yekinshi jag’i’nan a’sirese modal so’zlerge de ju’da’ jaqi’nday ko’rinedi. Biraq wolar wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri menen aji’rali’p turadi’.

Ma’selen, da’nekerler grammatikali’q xi’zmeti jag’i’nan so’z benen so’zdi, ga’ptin’ birgelikli ag’zalari’ni’n’ aralari’n, ga’p penen ga’pti baylani’sti’ri’w ushi’n qollani’ladi’ ha’m wolar arasi’ndag’i’ sintaksislik qatnaslardi’ bildiredi. Yekinshiden, da’nekerler, N. K. Dmitreev aytqani’nday, ayi’ri’m so’z tu’rinde qollani’ladi’[1] ha’m wolar derlik wo’zgermeytug’i’n turaqli’ leksikali’q formag’a iye.

Tirkewishler belgili bir seplik formasi’nda turg’an so’zlerdi talap yetip, wolardi’ basqa bir ma’nili so’zler menen sintaksislik baylani’sqa tu’siriwde grammatikali’q qural si’pati’nda xi’zmet atqaradi’ ha’m dizbeklesip kelgen so’zler menen birge ha’r tu’rli ma’nilik qatnaslardi’ (waqi’tli’q, wori’nli’q, seplik, maqsetlik, sanli’q, ten’ewlik, sali’sti’ri’wli’q, qarsi’lasli’q t.b.) bildiredi.

Tirkewishler tiyisli wori’nlarda bag’i’ni’n’qi’ ga’ptin’ bayanlawi’shi’na dizbeklesip keliw arqali’ bag’i’ni’n’qi’ ga’pti bas ga’pke baylani’sti’ri’wda da’nekerlik xi’zmetti de atqaradi’.

Modal so’zler – wo’zlerinin’ semantikali’q ma’nisi, leksikali’q qurami’ jag’i’nan ha’m ga’ptegi qollani’li’w wo’zgesheligi jag’i’nan ha’r qanday basqa so’z shaqaplari’ni’n’ birewine de usamaytug’i’n so’z shaqaplari’ni’n’ ayri’qsha bir tu’ri. Wolar ga’ptegi ayti’lg’an woy-pikirdin’ nag’i’z haqi’yqatli’qqa qatnasi’ tuwrali’ so’ylewshinin’ ko’z-qarasi’n bildiredi. Bul

---

[1] Дмитриев Н. К. Грамматика башкирского языка. М-Л. 1948. с129

modal so’zlerdin’ yen’ basli’ xi’zmeti boli’p tabi’ladi’. Modal so’zler si’rtqi’ tu’ri jag’i’nan bir pu’tin so’z formasi’n (*mu’mkin, demek, shamasi’, menin’she, ba’lkim, itimal t.b.*) saqlaydi’.[1] Sonday-aq modal so’zlerdin’ ayi’ri’mlari’ modalli’q ma’nide de, toli’q leksikali’q ma’nide de qollani’ladi’. Modal so’zler pu’tin bir ga’pke yamasa woni’n’ ayi’ri’m bir so’zine ma’nilik jaqtan qatnasli’ boladi’.

Al, janapaylar bolsa da’nekerler ha’m tirkewishler si’yaqli’ bul da ko’mekshi so’zlerdin’ qatari’na kiredi. Biraq janapaylardi’n’ atqaratug’i’n xi’zmeti da’nekerler menen tirkewishlerdin’, sonday-aq modal so’zlerdin’ atqaratug’i’n xi’zmetinen pu’tkilley wo’zgeshe. Janapaylar, tiykari’nan, to’mendegidey ayi’rmashi’li’qlarg’a iye:

1.Janapaylar leksikali’q ma’nini bildirmeydi, al abstrakt grammatikali’q ma’nini bildiredi. Sonday-aq, wolar ayi’ri’m turi’p ga’p ag’zasi’ da bola almaydi’.

2.Janapaylar ga’pte ayi’ri’m qollani’lmaydi’, al basqa ma’nili so’zler menen birge qollani’li’p, wolarg’a qosi’msha yaki u’steme ma’ni ju’kleydi ha’m wolardi’n’ ayi’ri’mlari’ ga’pke modalli’q, ishki sezimlik, ta’sirlilik ma’nilerdi bildiredi.

3. Janapaylar pu’tin so’zdin’ jari’m-jarti’ bo’lekshesi si’pati’nda da *(ma-me, da-de, sha-she, shi’-shi, -aw, -a, -o’, sa-se),* al geyparalari’ pu’tin so’z formasi’nda da *(nag’i’z, sarras, gilkiy, awa, jaqsi’, maqul, joq, jaq)* qollani’ladi’.

4. Janapaylar ga’ptegi qollani’li’w worni’na qaray wo’zleri baylani’si’p keletug’i’n ma’nili so’zlerdin’ aldi’nda da *(tek, gilkiy, nag’i’z,, sira’, wo’te, di’m, ju’da’),* keyninde de *( -aw, -a’, -a, da’, she, shi’-shi, da-de, ma-me, -aq, g’o’y, g’ana),* geyde so’zdin’ ishinde de *(mi’-mi, pi’-pi, bi’-bi: u’yde-mi-sen’, usta-mi’-san’, pilekesh-pi-sen’, sheshem-bi-sen’)* keledi.

---

[1] Қырғыз әдебий тилиниң грамматикасы. I бөлүм, Фонетика жаңа Морфология, «илим » басмасы, Фрунзе, 1980, 511 бет.

5. Janapaylar forma jasaw xi’zmetinde de qollani’ladi’ mi’sali’: *(bar-barma, woti’r- woti’rma, isle-isleme*).

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde janapay so’zler shi’g’i’si’ jag’i’nan yeki toparg’a bo’linedi: nag’i’z yaki tu’pkilikli janapaylar ha’m basqa so’z shaqaplari’nan qa’liplesken janapaylar.

1. *Nag’i’z yaki tu’pkilikli janapaylar.* Bunday janapaylar, si’rtqi’ tu’ri jag’i’nan pu’tin so’zdin’ jari’m-jarti’ bo’lekshesi tu’rinde qollani’ladi’ ha’m ga’p ishinde janapayli’q ma’nide isletiledi. Nag’i’z yaki tu’pkilikli janapaylarg’a to’mendegi janapaylar kiredi: *tek, -aw, -a, -a’, g’ana, da, da’, she, shi’-shi, wo’s, tu’we, ap (-ani’q!), jap (-jaqsi’)!, qi’p (-qi’zi’l), sap (-sari’), qap (-qara), i’p (-i’ssi’), sup (-suli’w), kip (-kishkene), u’p (-u’lken), dop (-domalaq), map (-mazali’), ku’pa’ (-ku’ndiz), t.b.*

2. *Basqa so’z shaqaplari’nan qa’liplesken janapaylar.* Janapaylardi’n’ bul tu’ri, tiykari’nan, ma’nili so’z shaqaplari’nan, sonday-aq, ayi’ri’m ko’mekshi so’zlerden boli’p, wolar ga’pte ba’rqulla janapayli’q xi’zmette qollani’li’w arqali’ birotala janapay boli’p qa’liplesedi. Ma’nili so’zlerden janapayli’q xi’zmetke wo’tip, janapay boli’p ka’liplesken so’zler wo’zlerinin’ da’slepki leksikali’q ma’nisinen ayi’ri’li’p abstrakt grammatikali’q ma’nini an’latadi’. Bul toparg’a to’mendegi janapaylar kiredi: *yen’, ju’da’, di’m, worasan, asa, ku’ta’, wo’te, sira’, nag’i’z, sarras, misli, da’l, bir, g’oy, a’ne, a’nekey, mine, minekey, ha’m, da, de* t.b.

Janapaylar du’zilisi jag’i’nan dara ha’m quramali’ janapaylar boli’p yekige bo’linedi.

Dara janapaylarg’a qurami’ jag’i’nan tek g’ana bir so’zden bolg’an janapaylar kiredi: *g’oy, g’ana, a’ne, a’nekey, mine, minekey, tek, misli, da’l, di’m, nag’i’z, sarras, yen’, ju’da’, asa, ku’ta’, wo’te, sira’, tu’k, hasla, wog’i’ri’, nayati’y, gilkiy* t.b.

Al, quramali' janapaylarg'a yeki yamasa wonnan da arti'q so'zlerdin' dizbeginen bolg'an janapaylardi'n' topari' kiredi. Quramali' janapaylardi'n' sani' dara janapaylarg'a qarag'anda tilimizde ju'da' az: *tek g'ana, yen' asa, ju'da' ha'm* .

Bul ani'qlamalarda janapaylardi'n' wo'zine ta'n bolg'an, wolardi' basqa so'z shaqaplari'nan aji'rati'p ko'rsetetug'i'n tiykarg'i' wo'zgeshelikleri ko'rsetilgen.

Janapaylardi'n' klassifikatsiyasi' usi' waqi'tqa deyin tu'rkiy tilleri boyi'nsha jazi'lg'an ilimiy grammatikali'q miynetlerde tu'rlishe qaralg'an. N. A. Baskakov qaraqalpaq tilindegi janapaylar menen modal so'zlerdi wo'z aldi'na ayi'ri'm so'z shaqabi' si'pati'nda bo'lip qaramay, yekewin birge qosi'p qaraydi'. Wol janapay menen modal so'zlerdi birge qosi'p qarap , wolardi' tog'i'zg'a bo'ledi.[1]

Qaraqalpaq tili boyi'nsha miynetlerde janapaylardi'n' ani'qlamasi' birin-biri toli'qti'ri'p keledi. A. Bekbergenovti'n' arnawli' maqalasi'nda «Janapay - ko'mekshi so'z. Wol wo'zinin' leksikali'q ma'nisine iye yemes, sonli'qtan da bo'lek turi'p ga'p ag'zasi' bola almaydi'. Morfologiyali'q jaqtan wolar wo'zgermeytug'i'n ha'm morfemalarg'a aji'ralmaytug'i'n so'zler» -dep ko'rsetilgen.[2] Al qaraqalpaq tilinin' morfologiyasi' boyi'nsha son'g'i' miynetlerde wolardi'n' birese bes tu'ri[3], birese to'rt tu'ri ko'rsetilgen.[4] A. Bekbergenovti'n' maqalasi'nda da janapaylardi'n' u'lken to'rt tu'ri berilip, keyninen wolar wo'z ishinde kishkene toparlarg'a bo'lingen.[5]

---

1 Баскаков Н. А. Каракалпакский язык. II том, Фонетика и Морфология, Ч.I. М., 1952, с477-481

2 Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиндеги жанапайлардың классификацисы ҳаққында. Өз РИАҚБ «Хабаршысы». Нөкис, 1992, №2. 117-120-бетлер.

3 Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис 1981, 256-бет.

4 Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасаў ҳәм Морфология Нөкис 1994 395-бет.

5 Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиндеги жанапайлардың классификацисы ҳаққында. Өз РИАҚБ «Хабаршысы». Нөкис, 1992, №2. 118-бет.

Wo'zbek tilinde janapaylar arnawli' izertlengen. Bul boyi'nsha ilimpaz Wo. Bazarovti'n' arnawli' ilimiy izertlew jumi'si'nda janapaylar ha'r ta'repleme u'yreniledi.[1]

Al qazaq tilinde F. Kenjebaevani'n' qazaq tilindegi tirkewishler ha'm janapaylarg'a arnalg'an miynetinde[2] janapaylardi' segiz tu'rge bo'ledi:

1. Soraw janapaylari': ma-me, ba-be, pa-pe, she / shi;

2.Aji'rati'w-sheklew janapaylari': qana-g'ana, /aq, aw/ ;

3.Tasti'yi'qlaw janapaylari': -qoy, g'oy, -di', -di, -ti', -ti;

4. Ku'sheytiw janapaylari': -aq, -aw, -ay, da-de, ta-te;

5. Sali'sti'ri'w janapaylari': tu'gil, qurli'-g'urli', yemish;

6. Gu'man janapaylari': shi'g'ar, /bolar/, -di', -di, -ti', -ti, -aw,

7. Boljaw mi'sqi'llaw janapaylari': -mi's, -mis, -si'maq

8. Wo'tinish janapaylari': -shi', -shi.

Q Amiralievti'n' Tu'rkiy tillerdegi janapaylardi'n' semantikali'q grammatikali'q funktsiyalari' boyi'nsha jazi'lg'an ilimiy jumi'si'nda qaraqalpaq, wo'zbek ha'm qazaq tillerindegi janapaylar sali'sti'rmali' tu'rde u'yreniledi. [3]

Azerbayjan tilinde janapaylar alti'g'a bo'lingen[4]

Chuvash tilinde janapaylardi'n' tog'i'z tu'ri ko'rsetlgen:[5]

1.Ku'sheytiw janapayi';

2.Sheklew janapayi';

3.Siltew janapayi';

4.Soraw janapayi';

5.Biykarlaw janapayi';

---

[1] Базаров О. Частицы в Узбекском языке, Афтореф. дисс. канд. фил. наук, москва 1983. 22с.

[2] Кенжебаева Ф. Послелоги и частицы в современном казакском языке. Афтореф. дисс. канд. фил. наук, Алма-Ата, 1964, 18 с.

[3] Амиралиев К. Семантико грамматические функции частиц тюркских языков, Афтореф. дисс. канд. фил. наук, Алма-Ата, 1980 29 с.

[4] Азербайжан дилиниң грамматикасы. Морфология Баку 1960 290 бет.

[5] Материалы по грамматике современного чуваского языке Морфология. –Чекбоксары: Чувашского государственное изд-во 1957,с331.

6. Belgisizlik janapayi’;

7.Belgilew janapayi’;

8. Boljaw janapayi’;

9.Modalli’q janapayi’;

K. Musaev qarayi’m tilindegi janapaylardi’ beske bo’lip qarag’an:[1]

1. Soraw janapaylari’;

2.Belgisizlik janapaylari’;

3.Sheklew janapaylari’;

4.Ku’sheytiw janapaylari’;

5.Slavyanli’q janapaylari’;

Yakut tilinde janapaylar arnawli’ izertlengen. Bul tilde janapaylar u’shke bo’lip u’yrenilgen:

1.Tiykar janapaylar /sobstvenno chastitsi’/

2.Atli’qtan jasalg’an janapaylar./Oti’menni’e chastitsi’/

3.Feyilden jasalg’an janapaylar[q] /Otglagolni’e chastitsi’/

Qaraqalpaq tilindegi janapaylar son’g’i’ waqi’tlari’ A. Bekbergenov ha’m Ye. Dawenovlardi’n’ miynetlerinde bir qansha jan’asha klassifikatsiyalang’an ha’m wolar bir-birine uqsas: A. Bekbergenovta:

1.Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar;

2.Modalli’q janapaylar;

3.Emotsional-ekspressivlik janapaylar;

4.Forma jasawshi’ janapaylar;[2]

E. Da’wenovti’n’ ilimiy miynetinde bolsa janapaylar to’mendegidey tu’rlerge bo’linip u’yreniledi.[3]

1.Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar;

2.Modalli’q ma’ni beriwshi janapaylar;

3.İshki sezimilik ha’m ta’sirlilik ma’ni beriwshi janapaylar;

---

[1] Мусаев К. М. Краткий грамматический очерк караимского языка, М. изд-во Наука. 1977, 66.
[2] Бекбергенов А. Көрсетилген мақаласы. 118-бет.
[3] Дәўен улы Ерназар Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис.: Билим, 1994, 91-96-бетлер

4.Forma jasawshi' janapaylar;

Avtorlardi'n' wolardi' analizlewi de uqsas, biraq ayri'm wo'zgeshelikler de ushi'rasadi'.

Biz bul jumi'si'mi'zda belgili qaraqalpaq jazi'wshi'si', bir neshe prozali'q shi'g'armalardi'n' avtori' Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda qollani'lg'an janapaylardi'n' semantika-grammatikali'q ha'm fonetikali'q qollani'li'w wo'zgesheliklerin analizleymiz. Janapaylardi' toparlarg'a bo'liwde biz joqari'da ko'rsetilgen A. Bekbergenovti'n' ha'm Ye. Da'wenovti'n' klassifikatsiyasi'n basshi'li'qqa alami'z ha'm ha'r topardi'n' ishinde Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde qollani'lg'an janapaylardi'n' ma'nilerine, fonetikali'q ha'm grammatikali'q wo'zgesheliklerine toqtaymi'z.

.

## I bap. Sh. Seytov shi’g’armalari’nda janapaylardi’n’ qollani’w wo’zgeshelikleri

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde jumsalg’an janapaylar so’zlerge, so’z dizbegine, al geyde pu’tkil ga’pke ha’r tu’rli qosi’msha ma’ni beriw ushi’n, sonday-aq modalli’q ishki sezimlik, ta’sirlilik ma’nilerdi bildiriw maqsetinde jazi’wshi’ shi’g’arma tilinde sheber qollang’an.

Sh. Seytov shi’g’armalari’nda janapaylardi’n’ to’rt tu’ri de jumsalg’an.

1. Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar shi’g’arma tilinde wo’zleri qatnasli’ so’zlerge yamasa ga’pke ha’r tu’rli ma’nilerdi ju’kleydi. Wolardi’n’ ayi’ri’mlari’ woy-pikirlerdi ani’qlaydi’ ayi’ri’mlari’ wo’zi menen baylani’sqa tu’sken so’zdin’ ma’nisin ku’sheytip ko’rsetiw ma’nisinde qollani’ladi’.

2. Modalli’q ma’ni beriwshi janapaylar shi’g’arma tilinde ga’ptegi ayti’lg’an woy-pikirlerge yamasa qanday da bir qubi’li’slarg’a soraw, gu’man, maqullaw ha’m biykarlaw si’yaqli’ ha’r qi’yli’ modalli’q ma’ni beriw ushi’n jumsaladi’.

3. Ishki sezimlik ha’m ta’sirlilik ma’ni beriwshi janapaylar Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde ha’r qi’yli’ ishki sezimlik ha’m ta’sirlilik ma’nilerdi bildiriw ushi’n, ma’selen, tan’lani’w, hayran qali’w, ha’wesleniw, su’ysiniw, renjiw, qi’ylani’w si’yaqli’ ma’nilerdi beriw ushi’n jumsalg’an.

4. Forma jasawshi’ janapaylar shi’g’arma tilinde ha’r tu’rli modalli’q ha’m ekspressivlik ma’nilerdi bildiriwi menen birge so’zlerdin’ ha’r qi’yli’ formalari’n jasaw xi’zmetinde atqaradi’. Ma’selen *ma-me* janapaylari’ ta’kirar so’zlerdin’ si’n’arlari’n bir-biri menen baylani’sti’ri’p, wolardi’n’ ma’nilerin ku’sheytip ko’rsetiwde, *mi’-mi* janapayi’ so’zdin’ quri’li’si’nda II bet san affikslerinin’ aldi’nda qollani’li’p, soraw ma’nisin an’lati’wda qollani’lg’an.

Sh. Seytov wo’z shi’g’armalari’nda janapaylardi’n’ usi’ to’rt tu’rin de sheber qollani’li’wi’ arqali’ shi’g’arma tilin yelede bayi’ti’p barg’an ha’m jazi’wshi’ tilinin’ wo’zine ta’n wo’zgesheligi yekenligin ko’rsetedi.

## 1. Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylardi’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri

Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar wo’zleri baylani’sli’ bolg’an so’zge yamasa ga’pke ha’r qi’yli’ ma’nilik tu’s beredi. Bunday janapaylar woy-pikirlerdi teren’lestirip ani’qlaydi’, isenimli yetip beredi, ayi’ri’mlari’ wo’zi menen baylani’sqan so’zdin’ ma’nisin yele de ku’sheytedi. Al birazlari’ sheklew ha’m aji’rati’w ma’nilerinde jumsaladi’.

A. Bekbergenov ha’m Ye. Da’wenovlar miynetlerinde qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar to’rt tu’rge bo’linedi.

1. Siltew janapaylari’;
2. Ani’qlaw janapaylari’;
3. Ku’sheytiw janpaylari’;
4. Aji’rati’w – sheklew janapaylari’;

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylardi’n’ bul to’rt tu’ri de ken’ qollani’lg’an. A’sirese shi’g’arma tilinde ku’sheytiw janapaylari’ bir qansha ko’birek qollani’li’p, *da-de, -aq* janapayi’ ku’ta’ jiyi paydalani’lg’ani’n ko’riwge boladi’. Siltew, aji’rati’w ha’m sheklew janapaylari’ menen sali’sti’rg’anda ani’qlaw janapaylari’ bir qansha jiyi qollani’ladi’. Ani’qlaw janapaylari’nan *aw* ha’m *g’oy* janapaylari’ Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde ko’birek wori’n alg’an.

Aji’rati’w janapaylari’nan *g’ana, bolsa* janapaylari’, siltew janapaylari’nan ko’binese *a’ne* janapayi’ jiyi ushi’rasadi’.

Solay yetip, qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar jazi’wshi’ tilinde ku’ta’ wo’nimli qollani’ladi’. Mi’sali’: *Sonnan beri Mahiyda mama da, Marziya da, Allayar da Qi’pshaqtag’i’ a’skerxanag’a bir barmag’a ha’wes boli’p ju’rip yedi. –Qan ha’mme de, ko’klerde de, aqlarda da qi’zi’l. A’kesi wo’lip, xojali’qti’n’ biyligi wo’zine qalg’an da’slepki ku’nlerde-aq a’kesinen qalg’an jalg’i’z targ’i’l si’yi’rdi’ To’rtku’lli birewdin’ shaqli’ qara mi’lti’g’i’na almasti’ri’p alg’ani’n Yesjan g’arri’ yelege shekem ayta beredi.*

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar ga’p ishinde qatar qollani’li’p, sezimdi ku’sheytip ko’rsetedi. Mi’sali’: *Sizge yendi ko’meklesetug’i’n da adam joq bul awi’lda, yen’beklep ketsem de wo’zim-aq shi’ra jag’i’sar yedim, tek ayag’i’mnan tura almay ati’rg’ani’m mi’naw!...*

Jazi’wshi’ shi’g’armalari’ tilinde aji’rati’w-sheklew janapaylari’nan *g’ana* janapayi’ stillik maqsette qayta-qayta qollani’lg’an: *Usi’larg’a bir g’ana sutka dem berse, bir g’ana sutka, -dep woylaydi’ Panov,- tek bir g’ana, sutka di’m g’ana woyatpastan uyqi’latsan’!*

Bul ga’pte sheklew ma’nisi menen qosa ani’qlaw ma’nisi de bildirilgen.

**a) Siltew janapaylari’ni’n’ qollani’li’wi’.**

Siltew janapaylari’ so’z yamasa ga’pke qosi’msha nusqaw, bag’darlaw, siltew ma’nilerin ju’kleydi. Wolar wo’zi baylani’si’p kelgen so’zge yamasa ga’pke siltew, nusqaw, na’zerin awdari’w, juwmaqlaw qusag’an qosi’msha ma’nilerdi bildiredi.

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde siltew janapaylari’ da jiyi qollani’lg’ani’n ko’remiz. Mi’sali’: 1. *A’ne, sol kemede buni’n’ jaman a’kesi jo’nine ju’rmey patshag’a patsha bolg’anda qay patsha dese, aq patshag’a qarsi’ shi’g’i’p, bir qamali’p keldi. 2. A’ne, baspashi’lar usi’ni’ tilge tiyek yetiptidag’i’, bizin’ ulamalardi’ mat qi’li’p, İyshanqalani’ shawi’p jetipti. 3. Mine, baspag’i’ menen si’yi’ri’n qorsi’ldati’p quwi’p, Qurbandurdi’ da jetip qaldi’.*

Birinshi mi’saldag’i’ «*a’ne*» janapayi’ siltew ma’nisin an’lati’p tur. Yekinshi mi’salda «a’ne» janapayi’ wo’zi baylani’si’p kelgen na’zer awdari’w ushi’n qollani’li’p tur. U’shinshi mi’saldag’i’ «mine» janapayi’ da nusqaw, siltew ma’nilerinde paydalani’lg’an.

*A’ne* janapayi’ juwmaqlaw ma’nisin de an’lati’p keledi. Mi’sali’: *A’ne, wog’an usi’ ga’pler qamshi’ bola qoydi’.*

Sonday-aq bul janapaydi’n’ ga’pke na’zer awdari’w ushi’n qollani’lg’ani’n da ko’plep ushi’rati’wg’a boladi’. Mi’sali’: *A’ne, basi’n’ islep ketti, - dep marapatladi’, yerkeletkendey dawi’s penen.*

*A’ne* janapayi’ nusqaw ma’nisin beriw ushi’n da jumsaladi’. Mi’sali’: *Menin’ jan’ag’i’ ga’plerimdi ko’ringenge ayta ju’r, a’ne, sonda umi’tpaysan’!*

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde a’sirese *mine* janapayi’ siltew ma’nisinde ju’da’ ko’p qollani’lg’an. Mi’sali’: -*Sheshe, ko’rip tursan’ ba, mine, qayi’q yemes, tik jar yeken!- dep, tewip ko’rsetip ati’r, sonda da kempirde u’n joq. Mine, jasli’qtag’i’ jiger g’arri’g’a a’yne usi’ pursatta kerek yedi.*

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde a’sirese siltew janapaylari’nan *a’ne* janapayi’ jiyi qollani’lg’ani’n ko’riwge boladi’. *A’ne, azamat! - dedi Xalmurat woni’n’ arqasi’nan qag’i’p. –A’ne, siz jan’a diydimnen shi’qti’n’i’z, ka’baptan ali’n’? A’ne usi’ waqi’tta si’rttan: -Alla-yarr!- degen dawi’s shi’qti’.*

**b) Ani’qlaw janapaylari’ni’n’ qollani’li’wi’.**

Ani’qlaw janapaylari’ belgili bir so’zdi yamasa uluwma ga’ptegi pikirdi ani’qlap tasti’yi’qlaydi’, wog’an isenimdi bildiredi. Bunday ma’nini bildiretug’i’n janapaylarg’a *g’oy, da’, -aw, nag’i’z, da’l,* janapaylari’ kiredi.

Janapay haqqi'nda jazi'lg'an ilimiy miynetlerde ani'qlaw janapaylari'ni'n' tek besewi *-g'oy, da', -aw, nag'i'z, da'l* janapaylari' ko'rsetilgen[1]. Biraq Sh. Seytov shi'g'armalari'nda ani'qlaw ma'nisin bildirip keletug'i'n woni'n' *g'o* varianti' ko'p qollani'lg'an. Sonli'qtan joqari'da ko'rsetilgen bes janapaydan ti'sqari' ani'qlaw janapayi' retinde *g'o* janapayi'n da ali'wdi' maqul ko'rdik.

*G'oy, da', -aw* janapaylari' ga'pte bildiriletug'i'n woy-pikirdin' ani'q ha'm isenimli yetip beriliwi ushi'n qollani'ladi'. Ko'pshilik jag'daylarda wol ga'ptin' aqi'ri'ndag'i' so'zge jalg'anadi'.

*G'oy* janapayi' ani'qli'q ma'nini bildiredi. Mi'sali': *Men medreseden quwi'lg'ani'mdi' jasi'ri'p ju'rgenim joq g'oy. Don'i'z ati'w bir basqa, adam ati'w bir basqa, woyaqlari'nan qorqaman, bolmasa, woni' g'oy, mu'lt jiberedi demeymen. Biz wol jag'i'nan qori'qpaymi'z, biraq, Dosjan arbadan tu'se almaydi' g'oy?*

*G'oy* janapayi' wo'tinishti ani'qlap ko'rsetedi: *-Al, yendi, meni yegleme, ga'ptin' aqi'ri'n ayta g'oy?:*

*G'oy* janapayi' ga'ptin' aqi'ri'nda kelip, pu'tin ga'pke baylani'sli' boli'p, u'ndew ma'nisin an'latadi'. Mi'sali': *So'ytip ju'rgeninde basi'na tu'sip ati'rg'an sawdalar g'oy bul. Watani'nan bezbese – jaylari'na bayi'wli' u'yelep ati'r g'oy!*

*Da'* janapayi' tasti'yi'qlawdi' ku'sheytip ko'rsetedi. Mi'sali': *Ko'zi ashi'lmastan, ko'kiregi nurlanbastan, basi'ndag'i' suw miyge aynalmastan bizdey boli'p wo'ta' ketedi –da'! Waqi't bolg'ani'n da, birinshi gezekte, ko'shirmekshi bolg'an ba'nenin' jerge qalay bekitilgenin yeslep ali'w kerek yedi-da'!*

*Da'* janapayi' ga'ptin' aqi'ri'nda kelip ayti'lg'an pikirdi yamasa ha'diyseni tasti'yi'qlawdi', wog'an isenimdi bildiredi. *«Wo'lim, wo'lim, bir wo'lim,*

[1] Ҳәзирги қарақалпақ Әдебий тилиниң грамматикасы Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис: 1994. 395-бет

*jati'p qalg'ansha ati'p qalayi'q,»-dedik –da'! Aqi'ri' ha'r qaysi'si' bir u'ydin' yerkesi –da'!*

*Aw* janapayi' da tasti'yi'qlawdi' an'latadi'. Mi'sali': *Jen'gey yesikti ashi'p ketken bolsa, apan' shamallap qalatug'i'n boldi'-aw! Bay-buw, ayti'p qoydi'm-aw!*

*Aw* janapayi' shamali'q ma'nide de ani'qlap ku'sheytip keledi. Mi'sali': *Ku'n tam boyi' ko'terilgende g'arri' «bes-alti' shaqi'ri'm asti'm -aw» dep shamaladi', son' wol joldi' yeshek yemes, quyash wo'ndiretug'i'nday qarsi' quyashqa qaray berdi. U'sh su'lderdin' solay buri'lg'ani'n ko'rip, g'arri' «bul awi'lg'a tag'i' yel qong'an qusaydi'-aw» dep woyladi' ha'm usi' waqi'tqa shekem bir sog'i'p wo'tpegenine wo'kindi.*

*Aw* janapayi' *yedi, yeken* toli'qsi'z feyillerine jalg'ani'p, ga'ptegi ayti'lg'an pikirdi shamalawdi', boljawdi' bildiredi. Mi'sali': 1. *Balamdi' bir ko'rip wo'lsem bolar yedi-aw! 2. Usi' tamaqsawli'g'i'na bola diyxanshi'li'q yetse yeken-aw, wog'an da aylani'spaydi'.*

*Aw* janapayi' sorawli'q ma'nide de qollani'ladi'. Mi'sali': *Yendigi jag'i'nda aytqani'na Allayar ko'nse bolar yedi-aw*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *-aw* janapaylari' feyillerge jalg'ani'p ko'binese ga'ptin' aqi'ri'nda keledi. Mi'sali': *So'zine shi'damay da'ryag'a boyi'n taslap, wo'lip qala ma, dep, jani'm qalmadi'-aw, shabazi'm! Qi'pshaqqa kiriwden birinshi talabi'm - shayxana bolar-aw, - degen woy keshti qi'yali'nan.*

*Joq* so'zi menen *aw* janapayi' dizbeklesip keledi. Shi'g'arma tilinde bunday jag'dayda *aw* janapayi' *joq* so'zi menen birge biykarlawdi' ani'qlaydi'. Mi'sali': *Pa-ay, usi'ndayda kavaleriyani'n' qa'diri jog'aw!.. Yeshek joldi'n' da'ryali'q tamani'n ali'p, qayt yetken tu'serlik tabi'lsa tu'sip kete jaqtay alan'lap kiyati'r yedi, « yeshek qurli'm aqi'li'm jo-g'aw»*

*Nag'i'z, da'l* janapaylari' ten'liktin' sog'an isenimdi ani'qlap ko'rsetedi. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda bul janapaylar ju'da' siyrek qollani'lg'an.

Mi'sali': *Kelin wonda Biybipatpani'n' nag'i'z wo'zi yeken! Da'ryani'n' da'l wortasi'-aw, dep shamaladi'dag'i', yeskekti qoya berip, jigitke ja'rdemge asi'qti'. Bag'diyardi'n' tayaq jese de tek politsiya menen jasawi'ldan jeytug'i'nli'g'i', minezi menen tu'ri tu'sinin' basqa da wog'ash-wog'ashli'qlari' qosjaqpasli'g'i' da'l keldi me, jigit-jelen'ler awi'zdan-awi'zg'a ilip aldi' da ketti.*

Bul joqari'da keltirilgen mi'sallarda *nag'i'z* ha'm *da'l* janapaylari' wo'zleri menen baylani'si'p kelgen so'zlerdi ani'qlaw ushi'n xi'zmet yetip tur.

*G'o* janapayi' Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde ju'da' ko'p qollani'li'p kelip, wolar ga'p ishinde bir so'zge dizbeklesip kelip, shi'g'arma tilinde sol so'zdin' yamasa uluwma ga'ptin' mazmuni'na qosi'msha ma'ni ju'kleydi. Tasti'yi'qlaw ma'nisin bildirip keledi. Mi'sali': *Wo'zin' aytti'n'-g'o «Ba'rinin' qudayi' Qumingir yeken!» dep. «Aytti'm-g'o, Yesjan atani'n' basi'ndag'i' shi'ra hesh qashan wo'shpeydi,» dep, a'bden wa'liysinip ati'r.*

Shi'g'armada *g'o* janapayi' shamalaw, wo'kiniw, renjiw ma'nilerin bildiriwde qollani'li'p keledi. Mi'sali': *Bul naysap, qayi'qti' awdari'p, g'arq yetpese bolg'ani'- g'o! Balani' bir woy qi'ynap yedi: «sonda da'ryani'n' qublasi' tawi'ssi'z qalsa shataq-g'o!». –Bay-baa-ay, yeskek yesiw ya qalashi'n du'ziw joq, tarta berippen-g'o da'ryani'n' i'g'i'zg'an jag'i'na qarap!*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *g'o* janapayi' feyil formalari' menen birge kelip hayran qali'w, tan'lani'w ma'nilerinde de jumsaladi'. Mi'sali': *Woni'n' jetpis u'sh jasi'ndag'i' ma'rtligin bul won bes jasi'nda-aq isledi-g'o, aqi'ri'! –Bular, bir-yekewi woqtan ushsa qasha qoyatug'i'n yedi-g'o! A'detine go're kempir si'rtqa juwi'ri'p shi'g'ap, birinshi gezekte «wo'ypbey, jawrap qali'psan'-g'o!» dep g'arri'si'n attan tu'sirdi.*

Sonday-aq mi’sqi’llaw ma’nisin beldirip kelip qollani’ladi’. Mi’sali’: -*Wa’y, qashi’wg’a bende yemessiz –g’o sizler!-dedi g’arri’. –Wa’y, sendegi aqi’l bolg’anda yeshek bola ma wol, adam boladi’-g’o!..*

Negizinde *g’o* janapayi’ ani’qlaw janapayi’ bolg’ani’ menen ayi’ri’m jag’daylarda qosi’msha ren’kin de an’lati’p keledi. *–Usamaydi’-g’o mushqa?! -Nuraxi’met si’g’alana serlen’kirep. «Top ati’ldi’-g’o?!» dedi bir wori’nda qulaq tu’rip, tag’i’ di’bi’s ku’tken balag’a. –Senin’ chepuxan’a tu’sinbedik-g’o?*

Sh. Seytov shi’g’armalari’nda ani’qlaw janapaylari’ qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylardi’n’ ishinde ku’sheytiw janapaylari’nan keyin yen’ ko’p qollani’lg’an janapaylar boli’p yesaplanadi’.

Ani’qlaw janapaylari’nan *aw* janapayi’ shi’g’arma tilinde pikirdi ani’qlap, tasti’yi’qlaw ushi’n, ko’binese qi’ynali’w, wo’kiniw, shamali’q ma’nilerdi an’lati’w ushi’n da jiyi paydalani’lg’an. Mi’sali’: *Soni’n’ arasi’nda tambas dusirlep, «hali’n bilmeydi, tag’i’ ayazlap qalatug’i’n boldi’-aw!» degen gu’dik penen kempir gewishin si’mpi’ldati’p, beshpentin jami’li’p si’rtqa shi’qsa-qi’sti’n’ bir ku’ni! - Bayag’i’ zamanlari’ da’rya kem-kemnen qublag’a awnap, wa-ay ag’atug’i’n yedi-aw zan’g’ar!-deydi ha’wes penen.*

*G’oy* janapayi’ qollani’li’w jiyiligi jag’i’nan *aw* janapayi’nan keyingi wori’nda turadi’. Bul janapay ko’binese so’zdin’ keyninen dizbeklesip kelip ga’ptegi woy- pikirdi ani’qlaw ha’m isenimli yetiw ushi’n xi’zmet qi’ladi’: *Ag’an’ tamni’n’ basi’nda du’rsildep ju’r-g’oy!*

**v) Ku’sheytiw janapaylari’ni’n’ qollani’li’wi’.**

Bul topardag’i’ janapaylar ga’ptegi bir so’zdin’ yamasa ga’ptin’ uluwma ma’nisin ku’sheytip, wog’an qosi’msha ma’niler beredi. Bul tu’rdegi janapaylarg’a *da-de, dag’i’, ha’m, aq* janapaylari’ kiredi.

*Da-de* janapaylari’ni’n’ ga’ptegi ga’ptin’ ishindegi worni’ sheklenbegen. Wol ga’ptin’ wortasi’nda so’zlerge dizbeklesip sol so’zdin’

ma'nisin ga'p ishinde basqa so'zlerge qarag'anda ku'sheytip ko'rsetedi. Al ga'ptin' aqi'ri'ndag'i', so'zge dizbeklesip kelgeninde, ga'ptin' uluwma ma'nisin ku'sheytedi. Mi'sali': *Silem qatti', qatti', ku'nde bu'gingidey suwi'tpas, wot jag'ayi'n desem shi'rpi' qayda! Wo'zinen -wo'zi xorlani'p, saqali'n si'ylamag'ani' ushi'n ashi'wi'ni'n' kelgenligi sonshelli, «tu'binde bir wo'lim bar g'oy, sol wo'lim qay waqi'tta da jaqsi' boli'p kelmeydi, usi' don'i'zlarg'a moy bermesten wo'lip-aq keteyin!» degen bekkem bir qararg'a kelgen g'arri' hesh kimge jaltaqlamadi' da, bir awi'z jali'nbadi' da.*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *da-de* janapaylari' basqa janapaylarg'a sali'sti'rg'anda yen' ko'p qollani'lg'an janapaylardan boli'p yesaplanadi'. Qaraqalpaq tilinde bul janapaylar ga'ptin' wortasi'ndag'i' ha'm aqi'ri'ndag'i' so'zlerge jalg'anatug'i'n bolsa, shi'g'arma tilinde derlik ko'pshilik ga'plerde ga'ptin' wortasi'ndag'i' so'zlerge dizbeklesip keledi. Mi'sali': *Bunnan bi'lay shi'ra janbag'an bir tu'n de bolmasi'n! –dep, wo'tinip yemes, buyi'ri'p ketti. «Da'ryani'n' wo'rtenip wo'lsek, wol da qudaydan shi'g'ar!» dedi.*

E. Da'wenov miynetinde ko'rsetiliwinshe *da-de* janapayi' waqi't bag'i'ni'n'qi' ga'plerdin' *-g'an-da, -g'an-waqi'tta / ma'ha'lde, gezde t.b./ g'annan-keyin, g'annan son',* formali' bayanlawi'shlari'na dizbeklesip kelgende wol bag'i'ni'n'qi' ga'pten an'lasi'latug'i'n waqi'tli'q ma'nini anag'urli'm ku'sheytip ko'rsetedi.[1]

Usi' pikirdin' da'lili retinde Sh. Seytov shi'g'armalari'nan ko'plep mi'sallar keltiriwge boladi'. Mi'sali': *Usi' jumi'slari'n islep ju'rgende de woyi' baken-ko'shkilerdi ko'shiriw ilajlari' menen ba'nt yedi. Balasi'ni'n' da yeki qulag'i' a'kesinin' sol du'rsildisinde, yeki ko'zi aynada.*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *da-de* janapayi' ga'ptin' birgelkili ag'zalari' menen dizbeklesip kelip, wolardi'n' ma'nilerin ku'sheytip

[1] Дәўен улы Ерназар Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис.: Билим, 1994, 93-бет

ko'rsetedi. Mi'sali': *Bul jaylar i'zg'arli' bolsa da, ma'ha'linde baspana boldi'. G'arri'ni'n' Allayarg'a ayta beretug'i'n i'ssi' samali' Qi'pshaqtan da, Shi'mbaydan da, Shabbazdan da, To'rtu'lden de bas pu'kil yeskendi qoyg'an ta'rizli.*

*Da-de* janapayi' yeki feyil so'zdin' yamasa feyil ha'm ko'mekshi feyillerdin' arasi'nda kelgende, is-ha'rekettin' tez almasi'wi'n bildiredi. Bul jag'dayda wol da'nekerlik xi'zmetti de atqaradi'. *Irasi'nda da Ma'rziya qatti' qusag'an yeken, g'arri' kirip kelgende basi'n jawi'p u'lgenrgeni menen worni'nan turi'p u'lgere almay, qan'g'alap diywalg'a su'yendi de, woti'ri'p qaldi'.*

Ayi'ri'm miynetlerde *da-de* janapaylari'ni'n' si'n'ari' retinde *ta-te* janapaylari' da berilgen[1]. Al keyingi shi'qqan miynetlerde «Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'» miynetinde, A. Bekbergenov ha'm Ye. Da'wenov miynetlerinde tek *da-de* janapaylari' g'ana ko'rsetilgen.[2]

Haqi'yqati'nda da, *ta-te* ha'm *da-de* janapaylari' arasi'nda ga'plerde qollani'li'wi' ma'nisi jag'i'nan hesh qanday wo'zgeshelik joq. Bulardag'i' tiykarg'i' wo'zgeshelik, tek g'ana seslik ta'repinde g'ana boli'p tur.

Pikirimizdin' da'lili retinde akademik A.Da'wletovti'n' ko'mekshi so'zlerdin' seslik wo'zgesheligi haqqi'nda ayti'lg'an pikirine itibar bersek boladi'. «*Menen, penen, benen, da-de, ta-te, ma-me,ba-be, pa-pe*» ko'mekshi so'zlerinin' da'slepki sesinin' ha'r tu'rli boli'wi' dawi'ssi'zlar u'nlesligine baylani'sli'. U'nsiz dawi'ssi'z seske tamamlang'an so'zge u'nsizden baslanatug'i'n varianti', al qalg'an so'zlerge u'nli ha'm sonorlardan baslang'an variantlari' tirkesedi.[3]

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, 1981.256-258-бетлер.
[2] Ҳәзирги әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис,1994. 396-бет. Дәўен улы Ерназар Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис.: Билим, 1994, 92-93бетлер. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиндеги жанапайлардың классификацисы ҳаққында. Өз РИАҚБ «Хабаршысы». Нөкис, 1992, №2. 117-бет.
[3] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили Фонетика. Нөкис. Билим. 1994.

Demek, *da-de* ha’m *ta-te* janapaylari’ arasi’nda hesh qanday ma’nilik ayi’rmashi’li’qlar joq. Yag’ni’y *da-de* ha’m *ta-te* janapaylari’ seslik wo’zgeshelikke iye boli’p, ga’p ishinde birinin’ worni’nda biri fonetikali’q variant xi’zmetin atqaradi’.

Sonli’qtan Sh. Seytov shi’g’armalari’nda *ta-te* janapaylari’ da retli jerinde qollani’lg’ani’n ko’remiz. Wolar wo’zleri baylani’si’p kelgen so’zge yamasa uluwma ga’pke ku’sheytiwshilik ma’nini ju’klep turadi’. Mi’sali’: *U’riwdin’ izin shaqali’wg’a aynaldi’ri’p, iyt te, ji’m boldi’. Jigit te pitegene sergeklenip, womi’rawi’n tiklep woti’rg’an yedi. Azannan qara keshke shekem to’rt adam jabi’la tiyise berse, jumi’s ta, qali’p jalshi’maydi’ yeken.*

*Dag’i’* janapayi’ ko’binese ga’ptin’ aqi’ri’ndag’i’, yag’ni’y ga’ptin’ aqi’ri’nda bayanlawi’sh so’zlerge jalg’asi’p qollani’ladi’. Mi’sali’: *Wol menin’ ko’kiregime sonda «shi’ra jaqti’m, dep, aldani’p ketken yekendag’i’!». Biraq, qa’ytse de bu’gin jarasatug’i’n yedi, sebebi, g’arri’si’na bu’gin sheksiz sag’i’ni’shta yedidag’i’.*

*Dag’i’* janapayi’ Sh. Seytov shi’g’armalari’nda *yedi, yeken* toli’qsi’z feyillerge jalg’ani’p, uluwma ga’ptin’ mazmuni’n toli’qti’ri’p keledi. *Mi’sali’: «Qayda barsaq ta qi’zi’ldi’n’ xojali’g’i’ni’n’ qarasi’ jug’ar» dep, bizlerdi taslap ketken yekendag’i’. Yesjan g’arri’ usi’ kiyati’rg’ani’nda wondag’i’ Qumingerdin’ ko’zlerinen qarashi’qlari’ birden ken’eyip kenkenligin wo’zinin’ qalay serlegenine hayran, aqi’ri’, i’mi’rt ta’wir-aq tu’sip, a’tirap gewgim tarti’p qali’p yedidag’i’!*

Sh. Seytov shi’g’armalari’nda *dag’i’* janapayi’ tek g’ana ga’ptin’ aqi’ri’ndag’i’ so’zge yemes, al ga’ptin’ wortasi’ndag’i’ birgelkili ag’zalardi’n’ birewine, yamasa bag’i’ni’n’qi’ ga’ptin’ bayanlawi’shi’na jalg’ani’p, woni’n’ ma’nisin ku’sheytiw ushi’n jumsalg’ani’n ko’remiz. Mi’sali’: *Usi’nshelli yen jayi’p ati’rg’an aydi’nni’n’ sayi’z jerin bilsemdag’i’ wo’zimnin’ sayi’z jerimdi wo’zim bilmeydi yekenmen. Ku’n qashshan shi’qqan bolsadag’i’*

*bul u'ydin' ta'mbisi yele taydi'ri'lmapti'. So'ytip Ma'hiyda kishe, Qi'pshaq tas qamal!-dep qi'zi'qti'ratug'i'n xabardi' baslap jiberdidag'i', balani' a'ketiw woyi'nan birotala alasladi'.*

*Ha'm* janapayi' ga'p ishinde bir so'zge baylani'sli' boli'p kelip, sol baylani'si'p kelgen so'zdin' ma'nisin ani'qlaydi' ha'm ku'sheytedi. *Bolmasa -balmasi'n, buni'n' menen du'nya ja'bir shekpeydi, wo'ytkeni, bir na'rsenin' wolqi'si'n tolti'ri'w ushi'n ta'biyat yekinshi na'rseni ha'm jarati'p qoyi'pti'. Tu'rtku'lden i'ssi' samal yesse balam, -deydi Allayarg'a, - ha'wiri bizin' jaqqa –ha'm keledi.*

E. Da'wenov wo'z miynetinde[1] «*Ha'm* janapayi' janapayli'q xi'zmette qollani'lg'anda *da-de* janapayi' menen sinonim boladi'»-dep ko'rsetedi. Demek, *ha'm* janapayi'n ga'pte *da-de* janapayi' menen almasti'ri'p qollani'wg'a boladi'. Mi'sali': *Solay ha'm bolsa, qayi'g'i'mni'n' qawi'shqan quwani'shi' jiger berdi mag'an*! Bul ga'pte *ha'm* janapayi'ni'n' worni'na *da* janapayi'n qoyi'p ta qollani'wg'a boladi'. *Solay da bolsa, qayi'g'i'mni'n' qawi'shqan quwani'shi' jiger berdi mag'an*! Usi' yeki ga'pti sali'sti'ri'p qarasaq, hesh qanday ma'nilik wo'zgeshelik joq.

Atawi'sh ha'm ko'mekshi so'zler menen dizbeklesip kelgen *ha'm* janapayi' wolardi'n' ma'nilerin ku'sheytip ha'm ani'qlap keledi: Mi'sali': *Soni'n' ushi'n qatalli'q kerek, Muxammed payg'ambar ha'm islamni'n' joli'nda usi' qatalli'qti' qollang'an.*

*Ha'm* janapayi'ni'n' worni'na Sh. Seytov shi'g'armalari'nda ayi'ri'm wori'nlarda woni'n' qi'sqarg'an varianti' qollani'lg'an. Bul variant ko'binese so'ylew tili ushi'n ta'n. Mi'sali': *U'shewin –a'm jibermesten ushi'ri'wg'a bir qolay, bir qolay! As-abi'ti'n'di' da bergen shi'g'ar, kelindi-a'm bir jek-jati'n'a atasti'rg'andur, woti'rama jas adam!..*

*Ha'm* janapayi' da'neker xi'zmetin de atqaradi', wolar da'nekerlik xi'zmette kelgende yeki so'zdi baylani'sti'ri'w ushi'n qollani'latug'i'n bolsa,

[1] Дәўен улы Ерназар Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис.: Билим, 1994, 93бет.

janapayli'q xi'zmetinde bir g'ana so'zge baylani'sli' boli'p, sol so'zdin' ma'nisin ku'sheytip, ani'qlap keledi. Mi'sali': *-To'rtku'lden i'ssi' samal yessee, balam, -deydi Allayarg'a,-ha'wiri bizin' jaqqa- ha'm keledi.*

Kontekstke qaray *geyde, shekem, sheyin, deyin,* tirkewishleri de ku'sheytiw janapaylari' ma'nisinde qolani'ladi'. Mi'sali': *Ta'rnekke shekem tilin'di u'yirip, bir tiligine toyi'p qalatug'i'n yedik.*

Ku'sheytiw janapaylari' so'zdi yamasa so'z dizbegin ha'r ta'repleme ku'sheytip ko'rsetedi, sonli'qtan da wolar ko'p ma'nilik qa'siyetke iye dep ko'rsetilgen[1] .

*Aq* janapayi' so'zdin' ma'nisin ku'sheytedi, tezletedi ha'm woni' ani'qlap ga'p ishinde ayri'qshali'g'i'n ko'rsetip turadi'. *Yendigi aqli'g'i'mni'n' ati'n-aq Bag'diyar qoydi'rarman,-dep yedi. Son' qabag'i'n arqalap, japti'n' ultani'ndag'i' qudi'qtan ku'n shi'g'aman degenshe-aq suw ali'p qaytti'.*

*Aq* janapayi' ta'wir so'zine dizbeklesip kelip mug'dardi' bildiredi. Mi'sali': *Nenin' ne yekenin an'g'araman degenshe arasi' ta'wir-aq ashi'lg'an Bag'diyarg'a at yemes, joldasi'n toqtati'w wog'i'ri' za'ru'rli yedi.*

*Aq* janapayi' bir sanli'g'i' menen dizbeklesip kelgende qi'sqa waqi'tli'q mug'dardi', na'tiyjeni bildirip keledi. Mi'sali': *Ayag'i'n yertag'a bekkem tiregen g'arri' «ya pirim!!!» dep, bir-aq baqi'ri'p u'lgerdi. Biraq sol atqosshi'dan keyin sa'rdardan tag'i' to'rt jigit bir ku'nde zi'm-zi'ya boli'p, wolardi'n' da qi'zi'llarg'a qosi'lg'an xabari' bir-aq jetti, wolar jo'nine ketken joq, izindegilerdi hawalandi'ri'p ketti. Ja'n-jaqti'n' teren'ligin bayqap barmasan', qayi'g'i'n'ni'n' to'sin pa't penen birden bari'p, qayi'rg'a din'k yetkenin, bir-aq bilip qalasan'!*

---

[1] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиндеги жанапайлардың классификацисы ҳаққында. Өз РИАҚБ «Хабаршысы». Нөкис, 1992, №2. 119-бет.

**g) Aji’rati’w-sheklew janapaylari’ni’n’ qollani’li’wi’.**

Aji’rati’w-sheklew janapaylari’ ga’ptegi so’zdi ayri’qsha atap, basqalari’nan aji’rati’p yamasa woni’ sheklep ko’rsetedi. Bularg’a *tek, tek g’ana, bolsa, ta’nha, gilkiy, i’lg’i’y, gil, gilen’, bir* janapaylari’ kiredi.

*Tek* janapayi’ Sh. Seytov shi’g’armalari’nda bolg’an so’zdin’ aldi’nda kelip ga’p ishindegi so’zdi basqa so’zlerden bo’leklep, aji’rati’p yamasa sheklep ko’rsetiw ushi’n jumsaladi’. Mi’sali’: *Tek si’ni’qqa si’ltaw tawi’p, usi’ jerde jati’rman. A’piw yetersen’, qa’te tu’sinbe, biraq men ha’mme qaharmanli’q tek uri’sta dep yesaplamayman.*

Sh. Seytov shi’g’armalari’nda *tek* janapayi’ jiyi qolani’lg’ani’n ko’riwimizge boladi’. Mi’sali’: *Kempir puwi’ burqi’rag’an i’ssi’ jarma ali’p kelgende Allayar qashshan chaynek-kesalardi’ ji’ynap, bir samar geshirdi ag’ash qasi’qti’n’ arqasi’ menen yezip, tek qami’rg’a qari’p iylep jibere beretug’i’n yetip qoyg’an yeken. Bularg’a tek aldi’n’g’i’ saptag’i’ saptan shegi tu’spese boldi’, ashtan wo’lmeydi.*

*Tek* janapayi’ pu’tin bir ga’ptin’ de aldi’nda keledi ha’m uluwma ga’pke aji’rati’w ha’m sheklewshilik ma’nilerdi beredi. Mi’sali’: *G’arri’ No’kistin’ ati’n wonsha yesite bermegenlikten, won’i’nda wonsha uyalamag’an, biletug’i’ni’, yesitkeni tek-«No’kis degen bir, patsha zamani’nan beri a’skerler woynaytug’i’n gezermen…». Tek…tek, balam sebepli da’kki jemesem, bala jandi’ri’p tur, bala-a!-dep gu’rsindi.*

*Tek* janapayi’ geyde *g’ana* janapayi’ menen dizbeklesip keledi. Bunday janapaylar Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde wolar ga’ptegi aji’rati’li’p yaki shekletilip ayti’latug’i’n so’zdin’ ma’nisin yele de ayri’qshalani’p, ku’sheytirilip ko’rsetiwde ken’ qollani’lg’ani’n ko’riwimizge boladi’ . Mi’sali’: *Kekse, anasi’ni’n’ ayaq ushi’nda di’m sira’ hesh na’rse ko’rmegendey, hesh jerde hesh na’rse bolmag’anday, tek g’ana a’ri mashaqatli’, a’ri qi’zi’qli’ an’nan a’bden boldi’ri’p kelgen bir*

*sapari'ndag'i'day Allayar sheshinbesten, beti-qoli'n da juwmastan quri'ldi'si'na yeshek peshtin' asti'n la'rzege keltirip ati'r.*

Sh. Seytov shi'g'armalari'nda *g'ana* janapayi' ko'binese atawi'sh, ra'wish, feyil, so'zlerdin' izinen dizbeklesip kelip, wolar shi'g'arma tilinde sheklewshilik ma'nilerde qollani'lg'an. Mi'sali': *Bul jay wot ta tiymegen, woq ta tiymegen, hesh jerde hesh na'rse bolmag'anday pa'p-pa'kize g'ana boli'p turg'an yeken. Ha'zir a'tirap jaqti'lani'p ketkenlikten g'ana shi'rani'n' jaqti'si' wonsha bilinbes yedi.*

*Bolsa* so'zi shi'g'arma tilinde janapay ma'nisin bildirgende wo'zine baylani'sli' bolg'an so'zdin' keynine dizbeklesip kelip, woni' aji'rati'p, bo'leklew maqsetinde jumsaladi'. Mi'sali': *Senin' bolsa, keleshegin' aldi'nda.*

Sonday-aq *bir* janapayi' da shi'g'armada siyrek qollani'lg'an. Mi'sali': *Bay bolsa go'r bolsi'n, bir jaqsi' boli'p turi'p yedi: jol haqi'm ushi'n bazda tiyin-teben bere qoyadi', bermese, bir ga'lle qant, qant bolg'anda qanday yenapattay, tap, won qadaq shi'g'a qoyar, bir qadaqtay shi'yratpa chay beredi! Kiyati'rg'anlardi'n' uyqi'lari' sergeklenip, arbalardi'n', tuyaqlardi'n', top degershiklerinin' sesleri usi' bir seske dawi's qosqanday, ko'kireklerine jol wo'nip sala bergendey tuyi'ldi'.*

Solay yetip, Sh. Seytov shi'g'armalari'nda qosi'msha ma'ni beriwshi janapaylar ju'da' jiyi qollani'ladi'. A'sirese, ku'sheytiw janapaylari'n jazi'wshi' wo'z shi'g'armalari'nda ko'p paydalang'an, wolardi'n' ja'rdeminde so'zlerge ha'm ga'plerge qosi'msha ma'niler berilgen. Bul janapaylardan *da-de* janapayi' ga'ptegi belgili bir so'zdin' keynine dizbeklesip kelip, sol so'zdin' ma'nisin ku'sheytiw ushi'n qollani'lg'an. *Aq* janapayi' da wo'zi dizbeklesip kelgen so'zinin' ma'nisin ku'sheytiw ushi'n xi'zmet yetedi. *Ha'm, da* janapaylari' da shi'g'armada ko'p qollani'li'p, so'zdin', ga'ptin' uluwma ma'nisin ku'sheytip ko'rsetedi. Bul

janapaylardi'n' qollani'li'w wo'zgesheligin Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nan joqari'dag'i' mi'sallar menen keltirip wo'ttik.

Sh. Seytov shi'g'armalari'nda qosi'msha ma'ni beriwshi janapaylardan ani'qlaw janapaylari' biraz ken' paydalani'lg'an. Wolardan *g'oy, g'o, aw, da', da'l, nag'i'z* janapaylari' belgili bir so'zlerdi ha'm uluwma ga'ptegi pikirdi ani'qlap, tasti'yi'qlap ko'rsetiw ushi'n xi'zmet atqaradi'. *Aw* janapayi'n Sh. Seytov shi'g'armalari'nda pikirdi ani'qlaw ushi'n ko'birek alg'ani'n ko'riwge boladi'. Mi'sali': *Seni u'yge aparg'anda, kempirdin' pitegene ta'wipshiligi bar yedi-aw, qorqaman! Bul yawmi'tti' baspashi'lari'na ketti dep te ju'rdik –aw, adamni'n' ko'kiregi - don'i'zdi'n' gu'rkesi…degen qi'yal keshti hayaldan.*

*G'oy* janapayi' da ga'ptegi pikirdi ani'qlaw ushi'n, isenimli yetip beriw ushi'n paydalani'lg'an. Mi'sali': *Atam kelse, wot jag'i'p, ji'li'ni'wi' kerek g'oy! degen bir woy miyine ji'lt yetti.*

Bul janapaydi'n' tu'ri *g'o* tu'rinde ko'birek qollani'lg'an. Mi'sali': *Sonda men aydi'ndag'i' shi'rashi'ni' sho'girmemdi bi'lg'ap shaqi'rdi'm g'o! Aqi'ri', yelli-bir ji'l-g'o, bul az yemes g'o. –Aydaybe-er, bizin' hayallarda woti'r-g'o alti' ji'ldan beri jolg'a qarap!*

*Da'* janapayi' da qaharmanlar tilinde ushi'rasadi'. Mi'sali': *Juwabi'nan qori'qsan', ji'nayatti' isleme da', isledin', isledin', juwabi'n woylani'p isle. –Qayaqqa-a?! -Qi'pshaqqa -da'! Wo'zin' apari'p tasla deysen', ja'ne…*

*Nag'i'z* janapayi' Sh. Seytov shi'g'armalari'nda siyrek ushi'rasadi': *Kelin wonda biypatpani'n' nag'i'z wo'zi yeken.*

*Da'l* janapayi' da bir neshe wori'nda paydalani'lg'an: *Da'ryani'n' da'l wortasi'-aw dep shamaladi'dag'i', yeskekti qoya berip, jigitke ja'rdemge asi'qti'.*

Aji'rati'w-sheklew janapaylari'nan Sh. Seytov shi'g'armalari'nda *tek, g'ana, bolsa, bir* janapaylari' paydalani'li'p wo'zleri qatnasli' bolg'an so'zlerdi ayri'qsha atap, aji'rati'p ha'm sheklep ko'rsetiw ushi'n

qollani'lg'an. Aji'rati'w-sheklew janapaylari'nan *gil, gilen', gilgey, i'lg'i'y, ta'nha'* si'yaqli' tu'rleri Sh. Seytovta siyrek qollani'lg'an yamasa ayi'ri'mlari' birotala ushi'raspaydi'.

Aji'rati'w-sheklew janapaylari'nan *tek, g'ana, bolsa* janapaylari' Sh. Seytov shi'g'armalari'nda ken'irek wori'n alg'an. Mi'sali': *Arti'na ba'da'r aynalmastan, jalg'i'z bala bunda ketti, Ba'g'diyar bolsa bul joq. Sonda tek bir ku'n-aq jasag'anman, basqa ku'nlerimnin' ba'ri tek sog'an usap kete bergen. Bala ha'zir g'ana wo'tken ji'llardan qalg'an Shigin uradan shi'g'ari'li'pti'.*

*Bir-* janapayi' da jazi'wshi' ta'repinen aji'rati'w-sheklew ma'nisin bildiriw ushi'n paydalani'lg'an. Mi'sali': *Bir, qoy awzi'nan sho'p almaytug'i'n biyma'lel, «wo'zin' tiymesen' sag'an hesh kim tiymeydi» dep ju'rgen g'a'rip adam ywedi.* Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde aji'rati'w-sheklew janapaylari'nan dizbeklesken *tek g'ana* tu'ri de ushi'rasadi'. Mi'sali': …*Wo'ytkeni wo'ldim azarda juti'ni'p jutqan bir juti'm hawasi' tek g'ana jan yemes, sanasi'nda yendirip u'lgergen yedi.*

Siltew janapaylari'nan *a'ne, mine* janapaylari' so'z ha'm ga'plerge qosi'msha nusqaw, bag'darlaw, siltew ma'nislerin ju'klew ushi'n qollani'lg'an. Mi'sali': *A'ne, u'seytemen, miyim qursi'n, g'arri'li'q ta, birin ayti'p woti'ri'p, yekinshisine wo'tip kete beremen.*

Juwmaqlap aytqanda, qosi'msha ma'ni beriwshi janapaylardi'n' ko'rsetilgen to'rt tu'ri de Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde ushi'rasadi' ha'm ha'r qi'yli' emotsionalli'q-ekspressivlik xi'zmetler atqaradi'. Bul Sh. Seytov shi'g'armani'n' tilin u'yreniw na'tiyjesinde ani'q boladi'.

## 2. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda modalli'q ma'ni beriwshi janapaylardi'n' qollani'li'w wo'zgeshelikleri

Modalli'q janapaylar ga'ptegi ayti'lg'an waqi'yalarg'a, qubi'li'slarg'a bolg'an ha'r qi'yli' qatnaslardi' an'latadi'. Yag'ni'y ga'pke subektivlik qatnastag'i' ha'r qi'yli' qosi'msha ma'nilerdi bildiredi. Ga'ptegi ayti'lg'an woy-pikirge yaki qanday da qubi'li'slarg'a tu'rlishe modalli'q tu's yengizedi. Ma'selen, bazi' birewleri ga'pke buyri'q, maqullaw yamasa biykarlaw ma'nilerin bildirse, ayi'ri'mlari' soraw gu'mandi' an'latadi'.

A. Bekbergenov wo'z miynetinde[1] modalli'q janapaylardi' mi'naday to'rt tu'rge bo'ledi: a) Modalli'q-buyri'q janapaylari'; b) Maqullaw janapaylari'; v) Biykarlaw janapaylari'; g) Soraw janapaylari';

Al Ye. Da'wenov bolsa bul tu'rdegi janapaylardi' beske bo'ledi[2]: a) Soraw janapaylari'; b) Maqullaw janapaylari'; v) Biykarlaw janapaylari'; g) Sali'sti'ri'w janapaylari'; d) Modal-buyri'q janapaylari';

Bunda aldi'n'g'i' toparg'a tek g'ana bir tu'ri qosi'lg'an, yag'ni'y sali'sti'ri'w janapayi' wo'z aldi'na bo'lek ali'p qaralg'an. Bul tu'rge *tu'we, tap, misli* kirgizilgen.

Sh. Seytov shi'g'armalari'nda *tu'we, tap* sali'sti'ri'w janapaylari' jiyi qollani'ladi', al *misli* janapayi' ushi'raspaydi'.

Biz bul jumi'sta modalli'q janapaydi'n' bir tu'ri retinde Ye. Da'wenovti'n' pikirine su'yene woti'ri'p, sali'sti'ri'w janapaylari'n bo'lek ali'wdi' maqul ko'rdik, sebebi bul janapayg'a kiriwshi *tap, tu'we* janapaylari' shi'g'arma tilinde ko'plep qollani'lg'an.

---

[1] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиндеги жанапайлардың классификацисы ҳаққында. Өз РИАҚБ «Хабаршысы». Нөкис, 1992, №2. 120-бет.
[2] Дәўен улы Йерназар Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис.: Билим, 1994, 97-101бетлер.

**a) Modal-buyri'q janapaylari'ni'n' qollani'li'wi'.**

Wolarg'a *shi'-shi, san'o-sen'o, son'o, da, ga, se, a'y, wo's, sesh, al, ay, aw, ha, a, o* janapaylari' kiredi. *Shi'-shi* janapayi' feyildin' buyri'q meyil formasi'na jalg'anadi': *Sen aparshi' - dedi Nuraxmetke.*

*Shi'-shi* janapaylari' tilek ma'nisin bildiriw ushi'n Sh. Seytov shi'g'armalari'nda jumsalg'an. *–Usi', ha'r kimnen bir ga'p yestip, sari' uwayi'm*g'a *bati'p ju'rgenshe ko'zim menen ko'rip, kewlimdi a'njamlap qaytayi'n-shi'! –dep pa'tlendi g'arri'.*

Bul janapaylar sorawli'q ma'nide de jumsaladi': *Ta-aq, menin' tag'i' bir wo'tinishim bar: meni mi'naw Yesshan g'arri'g'a tirisinde bu bir xi'zmet qari'zdar yedim, soni'n' yen' bolmasa, wo'lgeninde wo'teyin-shi?*

*San'o-sen'o-san'a* janapaylari', *sen'a', son'o, san'a', san'a* tu'rinde de ushi'rasadi'. Bul janapaylardi'n' jumsali'wi'nda hesh qanday ma'nilik wo'zgeshelikler joq. Wolardi' tek fonetikali'q variantlar dep qarawi'mi'z kerek. Sh. Seytov wo'z shi'g'armalari'nda bul janapaylardi' shi'g'arma tilin yele de bayi'ti'w ushi'n jiyi qollang'an.

*Son'o* janapayi' wo'tinish ma'nisin bildirip kelip qollani'li'wi': *«Atan' kelgen qusaydi', bari'p xabar alson'o-woti'n ayi'ri'p ati'r -g'o», deyin dese, balasi' yesikten kirmey ati'r. So'yte-so'yte a'debinde tu'n'ilgen Bag'diyar: «mag'an bir atti'ri'p u'yretson'o g'oshshi'm!» dep wo'tinish yete beretug'i'n boldi'.*

*San'o* janapayi' shi'g'arma tilinde buyri'q ma'nisin an'lati'p kelipte qollani'ladi': *-Haw, qayda-a, awqatqa qarasan'o! –dep ati'r ag'am. G'arri': «alti' ay jazlay yegip-tigip, ji'ynalg'an quwan qawi'nlari'mdi' aytsan'a!» -dedi ishinen ha'm «soqi'r quday, ne jazi'g'i'm bar, bunsha nege miynetimdi ku'ydire beresen'!» -dep nali'ndi'.*

Modal -buyri'q janapaylari'ni'n' ayi'ri'mlari' Sh. Seytov shi'g'armalari'nda siyrek jumsalg'an: Mi'sali': *Qa'ne, ka'manda'r, baslasan' basla, bolmasa men shi'dayjaq yemespen. Usi' bu'gin seni ko're*

*almay wo'lermen dep yedim! –dep, bolg'an ha'diyselerdi u'zip-juli'p umi'tqani'm, g'arri', sen ayto'sse?-dep ayti'p atti'. Jaydi'n' arqa ku'n batar tamani'ndag'i' ay nuri'nan sayalag'an ta'repinen yentelep kelip qalg'an yeki qarani' ya Allayar, ya Bag'diyar abaylasesh.*

**B) Maqullaw janapaylari'ni'n' qollani'li'wi'.**

Maqullaw janapaylari' uluwma pikirge kelisimdi, woni' maqullawdi' bildiredi. Wolar grammatikali'q ma'nisi ha'm xi'zmeti jag'i'nan modalli'q ma'ni beriwshi janapaylardi'n' topari'na kiredi. Sebebi bular ayti'lg'an woy-pikirdi maqullaw ha'm wog'an razi'li'q bildiriw si'yaqli' modalli'q ma'nini an'latadi'. Bug'an *awa, yaqshi', jaqsi', maqul, boladi', ma'yli, a'jep, xosh* janapaylari' kiredi. Mi'sali': *İshin'nen, ha-a, awwa, wo'tkeremiz ji'lli'ni'?...-Boladi'-i', asi'qpa yele. -Yaqshi', men jan'ag'i'mdi' ayti'p alayi'n.*

Sh.Seytov shi'g'armalari' tilinde *awa* so'zinin' worni'na ko'binese awi'zeki so'ylew tilindegi *hawwa* tu'rin paydalang'an. Mi'sali': *Hawwadag'i', Ma'diyar, adamni'n' za'ha'rin adam aladi'. Hawwa, G'arli'ni'n' sa'rdarlari' tamang'a di'm tabani' tartpay kiyati'r. Hawwadag'i', waqi't ta bir ti'ni'msi'z ag'i'p turg'an suwday, waqi'tti'n' suwdan parqi'-waqi't jaqsi'-jaman ha'diyselerdin' ju'rekke sali'p ketken dag'i'n, yadqa si'zi'p ketken su'wret - su'lderlerin shayi'p ketetug'i'n qusag'an. –Hawwa, ju'da'ma azi'wi'n' ha'yran qali'p turi'p yedi,-dep biyhazar da'lkek yetti.*

Shi'g'armada *ma'yli* so'zi de siyrek maqullaw janapayi' retinde qollani'lg'an: Mi'sali': *«Balami'z qi'zi'l bolsa tu'binde bizdi qi'zartpay qoya ma! Ma'yli, g'oshshi'm,» dedi Kumingerge. Suwi'tsa suwi'tsi'n, ku'n jamani' keter,ba'ha'r ji'lt yetse ba'ri de umi't bolar, saratanda yelp yetken samal tappay jelpingenlerin'de bul jurt qi'sti'n' salqi'ni'n sag'i'nadi', suwi'tsi'n, ma'yli!*

**V) Biykarlaw janapaylari’ni’n’ qollani’li’wi’.**

Bul topardag’i’ janapaylar uluwma kelispewshilikti, biykarlawdi’ bildiredi. Grammatikali’q ma’nisi ha’m xi’zmeti jag’i’nan ayti’lg’an woy-pikirdi biykarlaydi’ ha’m wog’an narazi’li’g’i’n an’lati’p keledi.Bul topardag’i’ *joq, jaq, /yaq/,yemes, yemey, ma-me, pa-pe, ba-be* si’yaqli’ janapaylar biykarlaw ha’m narazi’li’q usag’an modalli’q ma’nilerdi bildiredi. Mi’sallar: *Ja-aq, bular ku’nnen ku’nge azayi’p,ku’nnen jen’ilip barati’r. -Yaq,kelin, shalabi’n’di’ shayqama, bizge ja’rdemin’ sol- tezirek ta’wir boli’p ket, men mi’na Allayardi’ ali’p ketemen, tap ha’zir… Negedur, doynaq sesti pi’shaq keskendey ti’yi’li’p, doynaq yemes ju’regin’nin’ du’rsildisi wo’zine yestildi. Ko’rse bayag’i’ Kuminger yemes!-Biziki yemes yenesiniki dep pe yedin’! Sog’an qarag’anda bul ka’radag’i’ uri’sti’n’ toqtag’ani’nan ko’p waqi’t bolmasa kerek, - dep shamaladi’. Bag’diyar Yesjan g’arri’ni’ usi’nsheli sabi’r-parasatli’ hali’nda hesh ko’rmegen ha’m usi’nday jan alqi’mg’a tayalg’anda bunshelli salqi’nqanli’ boladi’ dep woylamag’an yedi. A’shirdin’ haq qani’ qi’zi’llardi’n’ moyni’nda ketti, soni’ ala almasan’, wo’nbegeysen’, wo’spegeysen’! Woqi’g’ani’na isensem, Nurahmettiki duri’s, musi’lman menen musi’lman jawlaspawi’ kerek.*

Sh. seytovti’n’ shi’g’armalari’nda bul topardag’i’ janapaylardan *ma-me, ba-be, pa-pe* ha’m *yemes* janapaylari’ basqalari’na sali’sti’rg’anda wo’nimlirek qollani’li’p ha’r qi’yli’ biykarlaw ma’nilerin an’latadi’.

**G) Soraw janapaylari’ni’n’ qollani’li’wi’.**

Bul janapaylar Sh. Seytov shi’g’armalari’nda soraw ma’nisin ha’r tu’rli modalli’q si’patlar menen bildiredi. Bunday modalli’q ma’ni beriwshi soraw janapaylari’na *ma-me, ba-be, pa-pe, she* kiredi.

Wolardan yen’ ko’p qollani’latug’i’nlari’ *ma-me, pa-pe, ba-be* janapaylari’ boli’p yesaplanadi’. Bul atawi’sh so’zlerge de, ra’wish ja’ne feyil so’zlerge de, modal so’zlerge de dizbeklesip keledi. Solay yetip, ga’pte

modalli'q sorawli'q ma'nini an'latadi'. Ko'pshilik jag'daylarda bul janapaylar bayanlawi'sh so'zlerge dizbeklesedi. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda bul janapaylardi'n' jiyi qollani'lg'ani'n ko'riwge boladi'. Mi'sali': *Biz shi'qqanda, saatti'n' neshe yekeninen xabari'n' bar ma? Jurtti'n' a'diram qalg'i'rlari'na bunshelli qan sorpa boli'p basi'n'a ko'rindi me? Sizler qayti'p sog'aman degenshe men qi'zdi' kempirine ko'ndirtip, muri'ng'a suqqanday yetip tayarlap qoyaman quda qa'lese, sog'an kelistik pe? Du'nyani'n' ji'rti'q - tesigin pitew usi'larg'a qali'p pa? Al su'wretti ne qi'lami'z, qosi'p ko'mip jibere beremiz be?!-dedi Kuminger.*

Soraw janapaylari' Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda shamalaw yamasa boljaw ma'nilerin bildiriw ushi'n da qollani'lg'an. Ga'p ishinde *ma-me, pa-pe, ba-be* soraw janapaylari' ko'pshilik jag'daylarda birgelikli bayanlawi'shlardi'n' da'slepkisinin' de ha'm son'g'i'si'ni'n' da keyninen qaytalani'p jumsaladi'. Mi'sali': *Ba'rinen de beter, Nazarbay simsik, qayda qunarli', suw tiyip turg'an jer bolsa, uri' iyttey timiskilenip tawi'p, asqabaq bar ma, qawi'n, ma'sh-lobiya bar ma, dasmal qabaq, suwqabaq bar ma, yege bergen, yege bergen. Biraq qos qulag'i' birden mi'qlap shalma menen shandi'lg'anli'qtan wo'zinin' dawi'si'n wo'zine ga'llesinin' ishinen gu'n'girlep yesitildi me, uzaqtan yesitildi me, yesitildi a'ytewir. Son'g'i' ku'nleri: usi' men bul du'nyada jasadi'm ba, jasamadi'm ba?-dep ko'p woylana beretug'i'n boli'p qaldi'm.*

Ayi'ri'm jag'daylarda *ma-me, ba-be, pa-pe* soraw janapaylari' so'zdegi basqa qosi'mtalardi'n' wortasi'nda keledi ha'm *mi'-mi, bi'-bi, pi'-pi* tu'rine wo'zgerip jumsaladi': Mi'sali': *Sen ne baspashi'mi'san' ?! So'ytip da'rtim shi'damay kelgenim yedi, qalay yendi, shu'krilewmisen'?.. Men Xalmurat doktorman, tani'p turmi'san'? Tamni'n' basi'nan Bag'di'yardi'n': «Ne boldi'-i', balam, woq tiygennen amanbi'san'?!» degen qa'weterlengen dawi'si' yesitildi.*

Sh. Seytov shi’g’armalari’nda *ma-me, pa-pe, ba-be* janapaylari’ menen dizbeklesip kelgen so’zlerdin’ keyninde *yedi, yeken* ko’mekshi feyilleri qollani’lg’anda wolar bir so’z boli’p, qosi’li’p janapaylardi’n’ dawi’sli’ sesleri tu’sirilip qollani’lg’an. Mi’sali’: *Himm, sag’an sol kerek, ta’rtipke tu’speymekensen’! -qansi’rasa sho’lleymeken?!–dep tan’landi’ g’arri’. İz betten birew: «aynali’p wo’tkende bolmaspedi?!» dep dawi’sladi’. «Balani’ saralawg’a shi’qqani’nda marti’u basqan joqpeken!» degen woyi’ birden shorshi’ti’p jiberdi.*

Bunday janapaylardi’ qollani’w arqali’ Sh. Seytov awi’zeki so’ylew tilinin’ wo’zgesheligi menen shi’g’arma tilin bayi’tqan.

*She* janapayi’ da tilimizde wo’nimli jumsaladi’. Wol negizinen baslawi’sh ha’m bayanlawi’shqa dizbeklesip keledi. Bul janapay ko’pshilik jag’daylarda ataw sepligi formasi’ndag’i’ ha’m tarti’mlang’an atli’qlar ha’m almasi’qlar menen birge dizbeklesip qollani’ladi’. Qaraqalpaq tilinde wol sonday-aq feyildin’ sha’rt meyil formalari’na ha’m t.b. dizbeklesip kelip, sorawli’q ma’nide qollani’ladi’. Bul janapaydi’ aytqanda dawi’s tolqi’ni’ ko’terin’ki ayti’ladi’ ha’m woni’n’ qatnasi’wi’nan an’lasi’latug’i’n sorawli’q ma’ni ku’shli boli’p keledi. Sh. Seytov shi’g’armasi’nda *she* janapayi’ gu’manli’ sorawli’q boljaw ma’nisin beriwde qollani’lg’an. Mi’sali’: *Bul, bir, yekinshiden, Aman da, Woraz da tek bir sahi’pjamal tabi’lg’ansha ju’rgen adamlar boli’p shi’qsa-she, wonda qi’zg’a ko’zi qi’zi’p ali’p qashi’wg’a ta’wekel yetiw Worazdi’n’ qoli’nan keledi. Al yendi, «jaman aytpay jaqsi’ joq, uri’s boli’p ketse-she?!»*

**D) Sali’sti’ri’w janapayi’ni’n’ qollani’li’wi’.**

Modalli’q ma’ni beriwshi *tu’we, tap, misli* janapaylari’ Sh. Seytov shi’g’armalari’nda qanday da bir zatti’ basqa bir zatqa yaki qanday da bir waqi’yani’ basqa bir waqi’yag’a sali’sti’ri’p, uqsati’p ko’rsetedi, sonday-aq son’g’i’ ga’ptegi woy-pikirdi, da’slepki ga’ptegi woy-pikirge sali’sti’radi’.

*Tap, misli* janapaylari' so'zdin', so'z dizbeklerinin' yamasa ga'ptin' aldi'nda dizbeklesip keledi. Al *tu'we,* wo'zi baylani'sli' bolg'an so'zlerdin' keyninde keledi. Mi'sali': *Biraq, woni'n' shi'ra jaqqanday shamasi' joq yedi, ko'zi sa'l ilinse ku'ni keshegi g'ana wo'zin, balani', qayi'g'i'n, tap yerteklerdegidey, da'stanlardag'i' qi'di'r atalarday g'ayi'ptan tayi'p, apattan qutqari'p ketkenlerdin' katerlerinin' qayi'ri'li'p ati'rg'anlari' yeles-yeles berip uyqi'si' shayday ashi'li'p kete beredi. Sonda, wo'z abi'rayi'm menen wo'lip ketken bolaman, wonda sizlerge qi'z tu'we, bir sali'm duz da joq!*

Sh. Seytov shi'g'armalari'nda modalli'q janapaylardi' qollani'wg'a ayri'qsha itibar bergen, sebebi wolar ga'ptegi so'z bolg'an qubi'li'slarg'a ha'r qi'yli' modalli'q qatnaslardi' bildiredi. Modalli'q janapaylardi'n' barli'q tu'rleri de shi'g'armada ken' wori'n alg'an. Shi'g'armada a'sirese soraw janapaylari'ni'n' *ma-me, pa-pe, ba-be, she, -a'* si'yaqli' tu'rleri ko'p keltirilgen. Sali'sti'ri'w janapaylari'nan *tap, tu'we* janapaylari' ku'ta' jiyi qollani'ladi'. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda modalli'q-buyri'q janapaylari'ni'n' *qa'ne, al, san'a, san'o, da', sesh, shi, ha', shi'-shi* tu'rleri jiyi qollani'lg'an.

Biykarlaw janapaylari'nan *yemes, jaq, ma-me, ba-be* tu'rleri ko'p ushi'rasadi'.

Maqullaw janapaylari'nan *yaqshi', ma'yli, xosh, hawwa, boladi'* tu'rleri paydalani'lg'an. Solay yetip, modalli'q janapaylar Sh. Seytov shi'g'armalari'nda a'dewir jiyi qollani'lg'an.

## 3. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda ishki sezimlik ha'm ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylardi'n' qollani'li'w wo'zgeshelikleri

A. Bekbergenov wo'zinin' janapaylardi'n' klassifikatsiyasi'na arnalg'an maqalasi'nda bunday janapaylardi' emotsional-ekspressivlik janapaylar dep atag'an ha'm wolardi'n' qatari'na *qanday, ne degen , deysen', ay, ha', a, a', mi'sh-mish, aw* janapaylari'n ko'rsetken. [1]

Al Ye. Da'wenov bunday janapaylardi' ishki sezimlik ha'm ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylar dep yekige bo'lgen. İshki sezimlik ma'ni beriwshi janapaylarg'a wol *-aw, ay, a, a', ii'sh-mish, yemish, si'maq* janapaylari'n ha'm soraw almasi'qlari'n, al ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylarg'a, woni'n' pikiri boyi'nsha kelbetliktin' artti'ri'w da'rejesinin' jasali'wi'ndag'i' qi'sqarg'an *ap, jap, qi'p, sap qap, i'p sup, kip up, dop, qup, map, up, ku'pa', shop, bop, tip, sip, si'p, tup,* elementleri ha'm *ju'da', ku'ta', worasan, wo'te, asa, yen', sira', di'm, wog'ada, wog'i'ri', nayati'y, din, shi'm, shi'lt* kiredi dep ko'rsetken.[2]

İlimpazdi'n' kelbetliktin' intensiz formalari'ni'n' birinshi qsi'qarg'an elementin janapay dep qarawi' bir qansha gu'man tuwg'i'zadi', sebebi bul elementler bo'lek so'z yemes, al yekinshi elementtin' qi'sqarg'an tu'ri: *tap-taza, qi'p-qi'zi'l* ha'm t.b. Al janapaylar wo'z aldi'na bo'lek so'z shaqabi'. Sonday-aq *ju'da', wog'i'ri', di'm* usag'an so'zlerdi de janapayg'a kirgiziw qai'yi'n, sebebi wolar ma'nili so'zler ha'm son'g'i' waqi'tlari' ku'sheytiw ra'wishleri dep qarali'p kiyati'r. Janapay boli'wi' ushi'n so'zler leksikali'q ma'nisin joyti'p, modalli'q ma'nige wo'tiwi kerek. Ma'selen, *ju'da' jaqsi'* degende *ju'da'*-ku'sheytiw ra'wishi. A. Bekbergenov woni' janapayg'a wo'tip qollani'wi'na mi'naday mi'sal keltiredi: *Soni' bilmespen*

---

[1] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиндеги жанапайлардың классификацисы ҳаққында. Өз РИАҚБ «Хабаршысы». Нөкис, 1992, №2. 120-бет.

[2] Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм Морфология. Нөкис. Билим, 1994, 404-405-бетлер.

*ju'da'*. Bul jerde, haqi'yqati'nda da, *ju'da'* so'zinin' leksikali'q ma'nisi joq, al tek, sezimdi ku'sheytip tur.

Sonli'qtan biz Ye. Da'wenov ta'repinen ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylar dep qaralg'an so'zlerdi janapay dep yesaplaymi'z ha'm bul magistrlik jumi'si'mi'zda arnawli' toqtaymi'z.

Jumi'sta biz tek A. Bekbergenov ta'repinen emotsional-ekspressivlik dep qaralg'an, al Ye . Da'wenov ta'repinen ishki sezimlik ma'ni beriwshi dep atalg'an janapaylardi' g'ana ali'p qaraymi'z ha'm wolardi'n' Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda qollani'w wo'zgesheliklerin g'ana so'z yetemiz.

**a) İshki sezimlik ma'ni beriwshi janapaylardi'n' qollani'li'wi'**

İshki sezimlik ma'ni beriwshi janapaylar Sh. Seytov shi'g'armalari'nda so'zlerge dizbeklesip kelip, adamlardi'n' tan'lani'w, qi'ynali'w, wo'kiniw ha'm renjiwlerin bildiredi. Wolarg'a *-aw, -ay, -wo, -a', mi's-mis, mi'sh-mish, yemish, si'maq* janapaylari' kiredi. Bul janapaylar so'zdin' keynine dizbeklesedi ha'm ko'pshilik jag'daylarda ga'ptin' aqi'ri'ndag'i' so'zlerge dizbeklesip keledi. Bulardan ti'sqari' tilimizde ishki sezimlerdi ku'sheytip ko'rsetiw ushi'n janapayli'q xi'zmette *sonday, sonsha, bunday, bunsha, qaysi', qanday, qansha, qanshama, qalay* si'yaqli' soraw almasi'qlari' ha'm de *ne degen, deysen'* usag'an so'zleri de qollani'ladi'[1].Usi'nday almasi'q ha'm basqa so'zler wo'zine baylani'sli' bolg'an so'zdin' aldi'nda kelip, adamni'n' ha'r tu'rli ishki sezimlerin an'latadi'. Janapayli'q xi'zmettegi so'zler ha'm ishki sezimdi bildiretug'i'n janapaylar ko'pshilik waqi'tta u'ndew ga'plerdi du'zedi.

Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda bul janapaylar da ken' qollani'lg'an.

-*Aw, ay, -a, a'* janapaylari' ha'r qi'yli' ma'nilerdi an'latadi':

1.Wo'kiniw, gijiniw, ayaw, qi'ynali'w, qapalani'w ma'nilerin bildiredi. Mi'sali':*Bul u'yin' jan'g'i'rlar, jaw ko'rmey serpilip ko'shti –aw! Bul da*

---

[1] Дәўен улы Ерназар Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис.: Билим, 1994, 403-бет.

*Nazarbaydikia'… Wobali'n-ay, wobali'n-ay! Tap a'bden toyg'a kelgendey norka malaqay kiyip keledi-a' sudqa.*

2. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda marapatlaw, su'ysiniw, maqtani'w, wo'zinin' pikirin tasti'yqlaw ma'nilerin bildiriw ushi'n da jumsalg'an. Mi'sali': *G'arri' qayi'qti'n' tu'bine u'yge kelemen degenshe juqqan kebirten' i'laydi' qalaq penen arshi'p-arshi'p tasladi' ha'm: boyawi' boyag'an qa'lpinde zawi'ttan shi'qqanday boli'p tur-a'. «Wo'yppey, woti'ra berippen-aw, jigirma bir ji'ldi'n' da'rti bar mi'na ko'kirekte, yelin sag'i'ng'an adam bi'ji'q boladi', so'yley berippen-aw, awqati'ma aylani'sayi'n »,degen hayaldi' «al, yendi, bizden jol bolsi'n sora» dep, Berdika'rim jibermey qaldi'.*

3. Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda hayran qali'w, qi'zi'qsi'ni'w, tan'lani'w, renjiw, ma'nilerin bildiriwde de qollani'ladi'. Mi'sali': *-Bay-bay, inim bul bolshoy degenin' di'm ko'beyip ketti-aw sho'p te bolshoy shar balshoy yelge bir bari'p ko'rsen' yedi-aw! Mi'lti'q bolg'anda qanday –ay jigirmalanshi' aw mi'lti'q, bes wog'i' birden woqlanadi' -a'!Pah, tiymepti-aw, qa'ne tiymegeni. -Wo'gizderdi aytsan'-a!*

*4.* Kek yetiw, ta'mbi beriw, qi'wani'w ma'nilerin bildiredi. *Mi'sali': Menin' qanday qati'qulaq yekenimdi bilip turi'p ku'lesen'-aw!*

*Ay* janapayi' ko'pshilik wori'nlarda atli'q, kelbetlik, so'zleri menen dizbeklesip keledi. Mi'sali': *Madiyar balam-ay, ga'pimdi maqullamag'ani'n' maqul bolg'an yeken.*

*Ay* janapayi' Sh.Seytovti'n' shi'g'armalari'nda awi'zeki so'ylew tilinin' varianti' bolg'an *a'y* tu'rinde jiyi qollani'lg'an. Mi'sali': *G'arri' saqali'n jalmap basi'n shayqadi', qayda ju'rse de yeki ko'zi jolda:bul u'yin' jan'g'i'rdi'n' u'yden-watannan ba'da'r bezgenime-a'y.*

*Mi's-mis, mi'sh-mish, yemish, si'maq* janapaylari' Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde ko'pshilik wori'nlarda ga'ptin' aqi'ri'ndag'i' feyil-bayanlawi'shlarg'a dizbeklesip kelip, wolar wo'zi kelgen so'z benen birge

boljaw yaki shamalaw, mi’sqi’llaw, kemsitiw si’yaqli’ ma’nilerdi an’latadi’. Mi’sali’: *Ja’ne pi’rqi’ldap ji’laydi’-mi’sh! Yeger patshasi’z qalsa jan’a patsha tiklenemen degenshe musi’lman musi’lmandi’ da shabi’wg’a sha’riyat qosadi’emish. Kimisi bolsa soni’si’ «azatli’q a’peredi-yemish!» dedi g’arri’si’, wo’zine-wo’zi ayti’p ati’rg’anday yetip.*

Sh.Seytov shi’g’armalari’nda bul janapaylar qahramanlardi’n’ ha’r qi’yli’ sezimlerin bildiriw ushi’n qollani’lg’an.

## 4. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda forma jasawshi' janapaylardi'n' qollani'li'w wo'zgeshelikleri

Janapaylar ha'r tu'rli modalli'q ha'm ekspressivlik ma'nilerdi bildiriwi menen birge so'zlerdin' ha'r qi'yli' formalari'n jasaw xi'zmetin de atqaradi'. Bug'an: *ma-me, ba-be, pa-pe, mi'-mi, /bi'-bi, pi'-pi/ , yemes, ha* janapaylari' kiredi.

Ma-me, ba-be, pa-pe, janapayi' Sh. Seytov shi'g'armalari'nda feyildin' tu'birine yamasa tiykari'na jalg'ani'p, woni'n' boli'msi'z formasi'n jasaydi': Mi'sali': *At bul tosi'nnan topi'li'stan qaymi'g'i'p qashpaqshi' yedi, na'ha'n ji'n'g'i'l tomarg'a duzaqlani'p qalg'an qi'l shi'lbi'r woni' jazdi'rmadi'. Yeki ji'l shamalasi'p qaldi', men senin' diydari'n'di' ko'rmedim, dawsi'n'di' yesitpedim. Ha'zir ati'n'di' yertle de jan'ag'i'lardi'n' izine tu's, ko'zlerine ko'rinbe. Sol tu'stin' dawami'n ko'riwden qorqi'p, g'arri' yendi jatpadi'. Ko'pke shekem kirpigi ilinbedi.*

*Ma-me* janapayi' Sh. Seytov shi'g'armalari'nda ta'kirar so'zlerdin' si'n'arlari'n bir-biri menen baylani'sti'ri'p, wolardi'n' ma'nisin ku'sheytip ko'rsetedi, ha'm bul waqi'tta so'zlerdin' jan'a formalari'n jasaydi'. Mi'sali': *A'yne usi' payi'tta tap g'arri' menen tusma-tus, wotti'n' arjag'i'nan qapi'g'a taman bir atli' keldi. Qalg'anlari'n dizim boyi'nsha ani'qlaw kerek, bi'lay da ko'bisin ani'qlaw mu'mkin yedi, biraq u'zgenge shekemgi ko'sheme-ko'she, di'g'i'ri'qpa-di'g'i'ri'q lashi' qalg'anlari'n yesaplay beriwge komandir jigerin jasi'ti'p ali'wdan qori'qti'. Ati'p adi'mba-adi'm jiberip, woy tolqi'nlari'nda kiyati'rg'an jigittin' ko'zine birden ag'asi' A'shir yeleslep ketti.*

*Mi'-mi* janapayi' so'zdin' quri'li'si'nda II bet bet-san affikisinin' aldi'nda qollani'li'p, soraw ma'nisin an'latadi'. Mi'sali': -*Ma'diyarmi'san', Da'niyarmi'san', bolshoymi'san', mag'an ba'ri bir, tu'binde adam qusag'an adam bolsan' boldi', tu'binde adam bol. Sonda sen ka'pirmisen'?*

*Yemes* janapayi’ shi’g’arma tilinde atawi’sh, ra’wish ha’m feyilden bolg’an bayanlawi’shlarg’a dizbeklesip keledi ha’m wolardi’n’ boli’msi’z tu’rin jasawda qollani’ladi’. Mi’sali’: *Sebebi, Dosjan a’kesinin’ ga’pin hesh qashan da yeki yetip ko’rgen yemes yedi-da’!... Qalaberdi, bulardi’ «baspashi’» dew duri’s yemes.*

*Ha* janapayi’ da shi’g’armada birdey qaytalani’p kelgen so’zlerdi baylani’sti’ri’p keledi ha’m wolardi’n’ ma’nisin ku’sheytip ko’rsetedi. Mi’sali’: *Sonda da, balam, jeter-jetpestin’ so’zi bar, Qurbanbaydi’n’ ji’l sadaqasi’na Zayi’rbay la’wze menen Nazarbay simsik «dog’anlardi’n’ qari’lpaqti’ pa’ten’ge keltirip ati’r, yelden ko’sh!» dep «qoyi’n’ ha qoyi’n’» menen zorg’a basti’m.*

Sh. Seytovti’n’ shi’g’armalari’nda so’zlerdin’ ha’r qi’yli’ formalari’n jasaw ushi’n *ma-me, ba-be, pa-pe, mi’-mi* janapaylari’ ko’birek qollani’lg’an.

Sh. Seytov shi’g’armalari’nda qaraqalpaq tilindegi janapaylardi’n’ to’rt tu’rinin’ de aralasi’p qollani’li’p, za’ru’r ma’nilerdi an’lati’w ushi’n wori’nli’ paydalang’ani’n ko’riwge boladi’.

Mi’sali’: *Anasi’na qashan keletug’i’ni’ qay jerde a’hmiyetli yekenin, jannan gu’derin u’zgen bayg’usti’n’ sonsha ji’l qoslas, wotlas bolg’an, turmi’sti’n’ ashshi’-dushshi’si’n birge tati’sqan qostari’ menen yen’ bolmasa son’g’i’ ma’rte i’rzalasi’p qali’wdi’ ku’tip ati’rg’ani’n, jani’ da tek sol i’rzalasi’w boli’p wo’tkenshe amanattay sezilip ati’rg’ani’n bala tu’k bilmeydi g’oy. Liykin, bala da aqi’lsi’zli’q yetip ati’r, aqi’ri’, tu’nde tu’we ku’ndiz u’zilsen’ de bul jerden qayi’qti’n’ ko’riniwi mu’mkin yemesligin wo’zi de biletug’i’n yedi g’oy, sonda nege u’n’ile beredi. Tap, bolg’an senin’ aytqani’n’day, minip bara bermegenime wo’kindim, suw sin’ip, ton’lap qalg’an yeki yeskekti ko’terip sonsha jerge payi’w-piyada solqi’ldap, bu’gilip ju’rsem, bul yeshek bunshelli aqi’lli’ shi’g’ar ma, haw, bu’lkildep wo’zi-aq jorta beredi yeken - g’o, qayi’qqa minbeydi dep*

*ju'rmen-aw!.. Miynetimiz tursa da, tap paqsasi' u'stimizden basi'p qalatug'i'ni'n sezsek te si'basti'rg'i'mi'z pitestirgimiz kele beredi-aw buni'! Bul da di'm qaysar shi'qti' « di'm bolmag'anda yeki no'ker jollap, jalg'i'z yabi'si'n-aq aladi'-da'», bul jalg'i'z degeni menen jalg'i'z bola bere me!*

Solay yetip, Sh. Seytov wo'z shi'g'armalari'nda janapaylardi'n' to'rt tu'ride wori'nli' qollani'li'wi' arqali' shi'g'armani'n' tilin bayi'ti'p, woni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheligin ko'rsetedi.

## II bap. Sh Seytov shi’g’armalari’nda qollani’lg’an janapaylardi’n’ fonetikali’q ha’m grammatikali’q si’patlamasi’

Tildegi so’z shaqaplari’ni’n’ ishinde ko’mekshi so’zler so’z shaqabi’ni’n’ ayi’ri’qsha worni’n iyeleydi. Wolar leksika-semantikali’q ma’nige iye bolmaydi’, sonli’qtan da morfologiyali’q ko’rsetkishke iye yemes, belgili ga’p ag’zasi’ xi’zmetin atqara almaydi’.

Qaraqalpaq tillik ko’mekshi so’zlerge tirkewish, da’neker, janapaylar kiredi. Mine wolardi’n’ da u’shewinin’ wo’zlerinin’ atqaratug’i’n xi’zmetine qaray wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bar.

Ko’mekshi so’zler tu’rkiy til biliminde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq til biliminde de leksika –grammatikali’q belgileri ha’m xi’zmeti bo’lip u’yrenilgen. Al wolardi’n’ fonetikali’q wo’zgeshelikleri uluwma ko’lemde jol jo’nekey ayti’li’p wo’tilgeni menen arnawli’ izertlewdin’ obekti bolg’an joq. Yeger qaraqalpaq tilindegi ko’mekshi so’zlerdin’ fonetikali’q wo’zgesheligin u’yrenip qarag’ani’mi’zda, wolardi’n’ seslik du’zilisi birqansha wo’zgesheliklerge iye yekenligin ko’remiz.

Yendi biz bul jumi’si’mi’zda ko’mekshi so’zlerdin’ bir tu’ri bolg’an janapaylardi’n’ fonetikali’q ha’m grammatikali’q wo’zgesheliklerine ayi’ri’qsha toqtap, woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri ha’m ai’yrmashi’li’qlari’na si’patlama beremiz.

Qaraqalpaq tilindegi janapaylardi’n’ fonetikali’q wo’zgesheliklerin u’yrenip qarag’ani’mi’zda, wolardi’n’ seslik du’zilisi bir qansha wo’zgesheliklerge iye. Wolar fonemalar sani’ boyi’nsha ma’nili so’zlerden a’dewir pari’q qi’ladi’. Janapaylardi’n’ seslik wo’zgesheliklerine izertlegenimizde wondag’i’ ha’r bir dawi’sli’, dawi’ssi’z fonemalardi’n’ jumsali’wi’n, wolardi’n’ wo’zgesheliklerge ushi’rap qollani’li’wi’n ani’qlaw talap yetiledi.

Akademik A.Da’wletovti’n’ miynetinde ko’mekshi so’zlerdin’ seslik wo’zgeshelikleri haqqi’nda ayti’lg’an pikirine itibar bersek, wonda «*menen, penen, benen, da-de, ta-te, ma-me,ba-be, pa-pe*» ko’mekshi so’zlerinin’ da’slepki sesinin’ ha’r tu’rli boli’wi’ dawi’ssi’zlar u’nlesligine baylani’sli’. U’nsiz dawi’ssi’z seske tamamlang’an so’zge u’nsizden baslanatug’i’n varianti’, al qalg’an so’zlerge u’nli ha’m sonorlardan baslang’an variantlari’ tirkesedi -dep ko’rsetedi.[1]

Demek, /*menen, penen, benen/, da-de-da’/, /ta-te/, /ma-me, ba-be, pa-pe/, /san’a- sen’o-san’a’/, /g’oy- g’o/, /-a, -a’/, /shi’-shi/* janapaylari’ arasi’nda hesh qanday ma’nilik ayi’rmashi’li’qlar joq. Yag’ni’y, bul janapaylar tek g’ana seslik wo’zgesheliklerge iye boli’p, ga’p ishinde birinin’ worni’nda biri fonetikali’q variant xi’zmetin atqaradi’.

Sonli’qtan da biz bul jumi’si’mi’zda Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinin’ mi’sali’nda, wolarda jumsalg’an janapay so’zlerdin’ fonetikali’q variantlari’na, seslerdin’ u’nlesiw ni’zamli’qlari’na ayi’ri’qsha toqtap, janapaylarg’a fonetikali’q si’patlama beriwdi aldi’mi’zg’a maqset yetip qoydi’q.

[1] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика. Нөкис, 1994.

## 1. Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde qollani’lg’an janapaylardi’n’ fonetikali’q si’patlamasi’

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde jumsalg’an janapaylar shi’g’armani’n’ wo’zine ta’n tillik wo’zgesheligin ko’rsetedi. Janapaylardi’ qollani’wi’ pu’tkil ga’pke ha’r tu’rli ma’ni, modalli’q ha’m ishki sezimlik , ta’sirlilik ma’nilerdi bildiriw ushi’n janapaylardi’n’ fonetikali’q variantlari’ so’z ha’m so’z dizbegine qosi’msha ma’nilerdi beriwi ushi’n jiyi jumsalg’an.

Janapaylar seslik du’zilisi jag’i’nan tirkewish ha’m da’nekerlerge sali’sti’rg’anda bir qansha wo’zgesheliklerge iye. Wolar ko’binese qosi’mtalarg’a uqsas boli’p keledi. Janapaylar pu’tin so’zdin’ jari’m-jarti’ bo’lekshesi si’pati’nda *ma-me, da-de, di’-di, sha-she, shi’-shi, -a, -a’, sa-se,* al geyparalari’ pu’tin so’z formasi’nda da (*nag’i’z, asa, misli, gilkiy, awa, jaqsi’ maqul, joq, jaq*) qollani’lg’an. Pu’tin so’zdin’ jari’m –jarti’ bo’lekshesi si’pati’ndag’i’ janapaylar fonetikali’q qurami’ jag’i’nan tek bir g’ana dawi’sli’ sesten: *-a, -a’.* yeki /dawi’sli’+dawi’ssi’z/ sesten: *da-de, ta-te, di’-di, ti’-ti, ma-me, ba-be, pa-pe, she, shi’-shi, sa-se, ay, aw, da’, aq*; u’sh /dawi’ssi’z+dawi’sli’+dawi’ssi’z/ sesten: *mi’s/-mis, mi’sh/-mish, g’oy, tek;* to’rt /dawi’ssi’z +dawi’sli’ +dawi’ssi’z+dawi’sli’/ yaki dawi’sli’+dawi’ssi’z +dawi’sli’ +dawi’ssi’z/ sesten: *g’ana, tu’we, yemish;* bes /dawi’ssi’z +dawi’sli’ +dawi’ssi’z +dawi’sli’+ dawi’ssi’z/ sesten boladi’ *-si’maq*;

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilindegi qollani’latug’i’n janapaylar wo’zleri qatnasli’ bolg’an so’zlerge yamasa ga’pke ha’r tu’rli ma’nilerdi ju’kleydi. Wolardi’n’ ayi’ri’mlari’ woy-pikirdi ani’qlaydi’, ayi’ri’mlari’ wo’zi menen baylani’sqa tu’sken so’zdin’ ma’nisin ku’sheytip ko’rsetedi, geyparalari’ aji’rati’w ha’m sheklew ma’nilerinde qollani’ladi’.

Tilimizdegi qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylarg’a *g’oy, da’, aw, nag’i’z, da’l, da-de, ha’m, aq, di’-di, tek, g’ana, ta’nha, tek, i’lg’i’y, gil, gilen’* so’zleri

kiredi. Sh. Seytov shi'g'armalari'nda usi' janapaylardi'n' ha'r tu'rli seslik wo'zgerislerge ushi'rag'an fonetikali'q variantlari' jiyi qollani'lg'an.

Sh. Seytov wo'z shi'g'armalari'nda *g'oy, g'o* janapaylari'ni'n' fonetikali'q variantlari'n jiyi qollani'p, wolar so'zdin' keynine dizbeklesip kelip, ga'pten an'lasi'latug'i'n woy-pikirdi ashi'q ha'm isenimli boli'p keliwin ko'rsetedi. Mi'sali': *Saxna g'oy bul*! *-si'yqi'rli' g'oy! - Wo'ner g'oy (Jollar). - A'y, ya-g'a', wolar wonday aqmaq yemes! Men «na'ma'rt» degende jortti'ri'p kiyati'rsan'-g'o! –dep ashi'wlandi' g'arri'. –Aytti'm-g'o, men usi' qayi'rda ultani' shirip ketken kememen, birew bul qayi'rdan shi'g'ari'p, suwg'a salg'ani' menen de men suwdi'n' asti'na sho'gip ketemen. (Shi'rashi'lar).*

*-Wo'yppey, mi'naw ne sumli'q, ko'tere zorli'q g'o bul!-dep jag'asi'n usladi' Jan'i'l degen pi'ti'q ko'z qati'n.(Xalqabad)*

Sonday-aq Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *ta-te, da-de-da'* janapaylari' da qollang'an. Wolar ma'nilik jaqtan bir-birine jaqi'n bolg'ani' menen seslik du'zilisi ha'r qi'yli' fonetikali'q variantlarda jumsaladi'. Da'slepki *t* til aldi' u'nsiz dawi'ssi'zdi'n' worni'na *d*-til aldi' u'nli dawi'ssi'zi' jumsaladi', *a* til arti', juwan dawi'sli'ni'n' worni'na, *ye* til aldi', jin'ishke dawi'sli'si' jumsaladi'.

Sh. Seytov shi'g'armalari'nda *da-de-da'* janapaylari' birde ga'ptegi belgili bir so'zdin' keynine, geyde ga'ptin' aqi'ri'ndag'i' bayanlawi'shti'n' keynine dizbeklesip kelip, sol so'zdi basqa so'zlerge qarag'anda ayri'qsha ku'sheytip ko'rsetiwde qollani'lg'an. Mi'sali': *Biraq balalardi' ko'rip, g'arri'ni'n' da, kempirdin' de, ta'wir aq kewilleri ja'mlendi (Shi'rashi'lar). Yeshbay gewdesin tiklep: «a'ne ja'ma'ha't, yesittin'izg'o? Jan da, lebiz de awi'zdan shi'g'adi'!» -Hu'kiwmettin' quri'g'i', duzag'i' jin'ishke, bir ku'n birewdin' u'stinen dumalaq arza jazg'anni'n' da moyni'na ilinedi.*

*Da-de* janapayi'ni'n' awi'zeki so'ylew tilindegi *-da'* varianti' jazi'wshi' shi'g'armalari' tilinde jiyi qollani'lg'an. *Da-de, da'* janapaylari' arasi'nda hesh qanday ma'nilik ayi'rmashi'li'q joq, tek g'ana seslik

wo'zgesheliklerge iye boli'p ga'p ishinde birinin' worni'na biri fonetikali'q varianti' boli'p jumsali'p shi'g'arma tilin bayi'ti'wda u'lken xi'zmet atqaradi'. Mi'sali': *«Wo'lim-wo'lim bir wo'lim, jati'p qalg'ansha ati'p qalayi'q »-dedik da'! Mu'mmin, g'arri' buni' bilmeydi yemis, biledi, a'tten', jan'ag'i' qayi'rg'a ko'shiretug'i'n g'arri'ni'n' basqa ba'keni joq yedi-da'!*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde jumsalg'an modalli'q ma'ni bildiretug'i'n janapaylar ga'ptegi ayti'latug'i'n woy-pikirge yamasa qanday da bir qubi'li'slarg'a soraw, gu'man, buyri'q, maqullaw ha'm biykarlaw si'yaqli' ha'r qi'yli' modalli'q ma'ni beredi. Modalli'q ma'ni beriwshi janapaylar janapaylardi'n' u'lken bir tu'ri boli'p yesaplanadi'. Wolardan: *ma-me, pa-pe, ba-be, she, awa, maqul, jaqsi', yaqshi', a'jep, joq, jaq, yaq, san'a, sen'o, sen'a'* variantlari' shi'g'arma tilinde jiyi qollang'an. *Ma-me, pa-pe, ba-be* soraw janapaylari' ga'p ishinde kelip ha'mmesi birdey sorawli'q ma'ni beredi. *M* yerinlik sonor dawi'ssi'zi'ni'n' worni'na, *p* –yerinlik u'nsiz dawi'ssi'zi' ha'm *b* yerinlik u'nsiz dawi'ssi'zlari' jumsaladi'. Mi'sali': *U'yde shubar bar ma, joq pa*? *Son'-son' bundaylar ko'beye kele, ba'ri bir, adam wo'ltirip ati'r ma, ji'n'g'i'l shawi'p ati'r ma biypari'q boli'p qaldi'. Bu'gin wo'lemen be, yerten' wo'lemen be, kimnin' wog'i'nan qalay wo'letug'i'ni'm na'ma'lim dep, ku'nde shi'bi'n jani'n joyti'p qoyatug'i'n amanattay ko'rip ju'rgen Amang'a…*

Bul joqari'dag'i' keltirilgen mi'sallardag'i' da'slepki sesleri ha'r tu'rli boli'wi' dawi'ssi'zlar u'nlesligine baylani'sli'. U'nsiz dawi'ssi'z seske tamamlang'an so'zge u'nsizden baslang'an varianti', al qalg'anlari'na u'nli ha'm sonorlardan baslang'an variantlari' tirkelip qollani'lg'an.

Sh. Seytov shi'g'armalari'nda *ta-te* janapaylari' da retli jerinde qollani'lg'ani'n ko'remiz. Wolar wo'zleri baylani'si'p kelgen so'zge yamasa uluwma ga'pke ku'sheytiwshilik ma'nini ju'klep turadi'. Mi'sali': *Woti'rg'anlardi'n' hesh na'rseden gu'manlanbawi' ushi'n: «ilaj qansha, terlep tur yedim, sizlerge Mahidani' ko'rsetpesek te tayarlasaq bola ma »*

*dedi. –Sende ashi'w g'oy, ashi'w, yerkeklik te, yerlik te joq! Sozanaydi'n' dekenesindey na'ha'n yetilip, shom baylani'p, qasi'na si'ni'q sha'n'gil qabaq ta qoyi'ldi'. Yeseken' basli'q ta boladi' yele!- dep g'awqi'ldasti' birewler.*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *jaqsi', yaqshi'* maqullaw janapaylari' da qollani'lg'an. Bul janapaylar da seslik du'zilisi jag'i'nan *j* til aldi' u'nli dawi'ssi'zi'ni'n' worni'na, *y*-til wortasi', sonor dawi'ssi'zi' jumsali'ng'an fonetikali'q varianti' boli'p yesaplanadi'. Bul jerde *ya* ha'ribi tu'pkilikli ha'm si'rttan kirgen so'zlerde *ya* –seslik birikpesin an'latatug'i'ni'n da yeskertip wo'tiw wori'nli'.[1] Mi'sali': *Yaqshi' men sag'an iseneyin, biraq buni'n' ushi'n bir-yeki si'nnan wo'tiwin' kerek, jaman jerge, paydasi'z iske jumsamayman. Yaqshi', yaqshaw, -dep, Murat awzi'n si'ypap qoyi'p ati'r.*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *awa* maqullaw janapaylari'ni'n' *hawwa* so'ylew tilindegi varianti' da jiyi qollani'lg'an. Mi'sali': *-Hawwa, -dedi kempir ku'lip. –Mendey aqi'lli'-g'o, ayta ber? Orenburdan araq a'kelip da'ri dep aldap ishkizip, qi'rg'annan ali'p qalg'an kim, Shi'ni'qul ag'a, ba'rin ko'zim ko'rdi, hawwa. Awwa-da', jarli' bar jerde bay bar, bayi' bolmasa jarli'ni'n' jarli'li'g'i'n qalay bilesen', bul du'nyada ha'mme wo'z kewline bay, sher.*

Sonday-aq, Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *joq, jaq, yaq* biykarlawshi' janapaylari' da jumsalg'an. Wolar seslik du'zilisi jag'i'nan biri yekinshisinen wo'zgeriske ushi'rag'an fonetikali'q variant, biraq ma'nileri bir-birine jaqi'n, biykarlawshi' so'zler boli'p shi'g'arma tilinde ken' qollani'ladi'. Mi'sali': -*Joq, menin' wo'zim, usi' basbashi'lardi' «ko'k» deymen. Ja-aq, qi'lmaydi'. Qurbandurdi'g'a hayranman, wo'zi yawmi't, wol neden qorqi'p ko'shedi, ya ko'k yemes, ya qi'zi'l yemes, ya arti'q aspay mali' joq! -Yaq dep woti'rg'an*

---

[1] Бердимуратов Е., Дәўлетов А, Ҳәзирги қарақалпақ тили, фонетика, лексикология, Нөкис Қарқалпақстан. 1979, 155-бет.

*wol joq (Shi'rashi'lar). –Yaq, azanda bul qa'wpirimbet qami'r ashi'ti'p qali'p yedi.*

Birinshi so'zde *wo* –til arti', juwan dawi'sli'si' jumsalsa, yekinshi so'zde *a* -til arti', juwan dawi'sli'si' jumsalg'an. U'shinshi so'zde *y*- til wortasi', sonor dawi'ssi'zi' jumsalg'an.

Sonday-aq shi'g'arma tilinde *joq* biykarlawshi' janapayi'ni'n' awi'zeki so'ylew tilinde *jog'aw* varianti' da qollani'lg'an. Mi'sali': *-Shatqayaq urg'ani'm jo-g'aw, pay, sen-a'm bir jortti'rasan'-aw!- dedi, ga'pti bo'lip Nazarbay.*

Joqari'da keltirilgen mi'salda *jog'aw* janapayi' fonetikali'q jaqtan seslik wo'zgeriske ushi'rap qollani'lg'an. *Joq* janapayi'na *-aw* affiksi jalg'ani'wi' arqali', keyingi dawi'sli'dan baslang'an qosi'mta qosi'li'wi' qosi'li'wi' na'tiyjesinde *joq* janapayi'ni'n' aqi'rg'i' *q* sesi *g'* sesine wo'zgergen.

Shi'g'arma tilinde *-a, -a'* janapaylari' da wo'z ara fonetikali'q variant boli'p jumsaladi'. Mi'sali': *Alti' ji'ldan beri kempir g'arri'n'ni'n' tahret suwi'n ji'li'ti'p berip, joli'n'a ayday qarap woti'rg'an bolsa-a,…-deydi ha'wes penen. Bag'diyar palwanni'n' g'ulg'ulasi'na yerdi me, basqa kim bolatug'i'n yedi-a', sol buzdi' balamdi', ketti de bardi'!*

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *san'a, sen'o, sa'n'a'* modal-buyri'q janapaylari' da bayanlawi'sh so'zlerge dizbeklesip kelip, wo'zi dizbeklesip kelgen so'zge buyri'q, tilek, wo'tinish, gijiniw si'yaqli' tu'rli modalli'q ma'nilerdi beriw ushi'n qollani'lg'an. Bul janapaylarda birdey ma'ni an'latqani' menen seslik qurami' jag'i'nan wo'zgeshelenip turadi', yag'ni'y aqi'rg'i' *a, o, a',* so'z wortasi'ndag'i' *a, e, a'* fonetikali'q jaqtan wo'z-ara sesler almasi'p qollani'lg'an. Mi'sali': *So'yte-so'yte a'debinde tu'n'ilgen Bag'diyari'nan: «mag'an bir atti'ri'p u'yretsen'o g'oshshi'm!» -dep wo'tinish yete beretug'i'n boldi'. -Kelsen'a, tezirek dushpanlar jaqi'nlasi'p qaldi'-g'o!*

*Sen yele i'rayi'n'nan qayti'p, taxti'n'nan tu'ssen'o shabazi'm. Ne jaqsi'li'q, jumbaqlay bermey aytsan'a' jo'nlep.*

Joqari'da keltirilgen mi'sallardag'i' janapaylar wo'zinin' aldi'ndag'i' kelgen so'zlerdin' juwan ha'm jin'ishke dawi'sli'lari'ni'n' i'n'g'ayi'na qaray fonetikali'q jaqtan qatan' tu'rde juwan dawi'sli'lar menen dawi'ssi'zlardi'n' juwan ren'ki, jin'ishke dawi'sli'lar menen dawi'ssi'zlardi'n' tek jin'ishke ren'ki qollani'ladi'.

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde jiyi qollani'latug'i'n janapaylardi'n' ja'ne bir tu'ri ishki sezimlik ha'm ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylari' boli'p yesaplanadi'. Bul janapaylardan: *–aw, ay, -a,-a', -ye, mi's-mis, mi'sh-mish, yemish* janapaylari' jazi'wshi' tilinde ga'p aqi'ri'ndag'i' feyil bayanlawi'shqa dizbeklesip kelip, wolar sol baylani'si'p kelgen so'zler menen birge boljaw yaki shamalaw, mi'sqi'llaw, kemsitiw si'yaqli' ma'nilerdi bildiriw ushi'n qollani'lg'an. Wolardan *mi's-mis, mi'sh-mish* janapaylari'ni'n' qurami'ndag'i' wo'zgesheliklerdi bayqaymi'z. Yag'ni'y bul dawi'sli'lar jag'i'nan wo'zgeshelenip *-i',* dawi'sli'si'ni'n' worni'na *i* jin'ishke dawi'sli'si' jumsalg'an. Dawi'ssi'zlar boyi'nsha *s* til aldi', u'nsiz dawi'ssi'z jumsalg'an bolsa, yekinshiden *sh* til aldi', u'nsiz dawi'ssi'z sesleri qollani'lg'an. Mi'sali': *Jazi' menen jilinshigin'izdi i'lashi'qlari'n'i'zdi'n' bahanlari'n tirep jatasi'z tu'we, ju'da' ma' kep ku'nnin' i'ssi'si' da jaqpaydi', tu'we, «ku'n wo'tip ketedimish!» (Shi'rashi'lar).*

*Kimisi bolsa soni'si' «azatli'q a'peredi –yemish!» haw, azat yemey bizdi birew shi'nji'rlap qoyi'ppeken, qudayg'a shu'kir, jag'ami'z bos, qoli'mi'zda kisen, moyni'mi'zda bug'aw joq-g'o!... –dedi g'arri'.*

Janapaylardi'n' ko'pshiligi qaraqalpaq tilinin' basli' fonetikali'q ni'zami' yesaplanatug'i'n singarmonizmge bag'i'ni'p keledi. Ma'selen, soraw janapaylari' boli'p yesaplanatug'i'n *ma-me, pa-pe, ba-be, she* janapaylari' ga'p ishinde wo'zi baylani'si'p keletug'i'n so'zlerdegi seslerdin' i'n'g'ayi'na qaray wo'zgeredi. Yag'ni'y janapaylardi'n' birde juwan, birde jin'ishke, birde

u'nliden, birde u'nsizden baslanatug'i'n variantlari' dizbeklesip keledi. Mi'sali': *Tusi'nan wo'tip barati'rg'an at tuyag'i'ni'n' du'rsildisin yesitiwin yesitse de yerindi me, ya tani'di' ma, g'arri' ko'pek boyan gu'diden ji'li'si'p tu'se qoymadi', degen menen iyt iytligin yetip: «wax-wax» - dep bir-yeki u'rdi de tumsi'g'i'n buri'p a'kelip, tag'i' bu'yirine ti'qti'. -Qurban ag'a tabi'li'p pa?-dedi sho'kkishti uri'p turi'p Biysen, A'metke bir qi'yalaw bag'i'p.*

*-Aytpadi'm ba, to'rem-aw, «qi'di'r ata» keldi dep!*

*-Sol ko'shkinshilerdin' wo'z awzi'nan yesittin' be? –dep soradi' Qunnazar.*

Joqari'da mi'sallarda ko'rip wo'tkenimizdey, aqi'ri' dawi'sli' seslerge tamamlang'an so'zlerge *ma-me* janapaylari' juwan, jin'ishke variantlari'na qaray jalg'anadi'. U'nli ha'm sonor dawi'ssi'zlarg'a tamamlang'an so'zlerge *ba-be* u'nliden baslang'an janapaylari', al u'nsiz dawi'ssi'zlarg'a tamamlang'an so'zlerge u'nsizden baslang'an *pa-pe* janapaylari' dizbeklesip kelip qollani'ladi'. Bul qaraqalpaq tilindegi janapaylardi'n' fonetikali'q ni'zami' bolg'an singormanizmge bag'i'ni'p keliwi dep ko'rsetiwge boladi'.

Tan'lay u'nlesligine baylani'sli' juwan buwi'nli' so'zlerden keyin *ma, ba, pa* janapayi', jin'ishke buwi'nli' so'zlerden keyin *me, be, pe* janapayi' dizbeklesip keledi. Mi'sali': *Suwi'q urdi' ma, urmadi' ma xabari' joqtay, da'rya tassa tobi'g'i'na kelejaq yemes. A'-a'a'y, jazmi'shta jazi'lg'an bolsa qashi'p quti'lami'z ba? Menin' bir wo'zimdiki duri's pa sonda! Won jetinshi ji'ldi'n' partiyasi', aqi'ri', a'neyi me! Belsendiler woni'n' yele talay awi'l, kolxozlarg'a baratug'i'ni'n bilgenlikten be, «al, yaqshi'» demey ketkenin biya'deplikke jori'g'an joq. Sizler qayti'a so'gaman degenshe men qi'zdi' kempirine ko'ndirtip, muri'ng'a suqqanday yetip tayarlati'p qoyaman quda qa'lese, sog'an kelistik pe?*

Qaraqalpaq tilindegi modal buyri'q janapaylari' boli'p yesaplani'wshi' *shi'-shi,* sonday-aq *san'o-sen'o* janapaylari' da singarmonizm ni'zamli'qlari'na boysi'nadi'. Janapaylardi'n' bul tu'ri ko'binese awi'zeki so'ylew tilinde

jumsaladi'. Mi'sali': *İlaji' bolsa bu'gin barshi', qarag'i'm. Mi'naw g'arri'ni'n' qi'zi'n ha'm men tu'we wo'zinen de qi'zg'ani'p, Ag'ajan iyshang'a inam yetpekshi!... –«Basli'qti'n' wori'nbasari' xabardi' jurttan buri'n bilip, birewi-komsomol, birewi-wori'nbasar, islep woti'rg'ani'n qaran', wo'zlerinikin jasi'ri'p, jurttan ji'ymaqshi'» dep shi'g'adi' bul jurt. -So'ydesen'o ju'wepnemek-aw! –dep ketip, yendi jeti salmadan julqi'ni'p atlap kelse, julqi'ni'spaqti'n' u'lkeni buyaqta, birewdin' wo'lgenine birew qarar yemes.*

Tirkewish ha'm da'nekerler si'yaqli' janapaylardi'n' ishinde de qaraqalpaq tilinin' singarmonizm ni'zami'na bag'i'nbaytug'i'nlari' da ko'plep ushi'rasadi'. Wolarg'a *nag'i'z, sarras, ju'da', hasla, wog'i'ri', nayati'y, asa, g'oy, tu'we, di'm* ha'm t.b. Mi'sali': *Sen wo'zin' nag'i'z gu'res adami'san'. Ha'zir woqi'p qali'n', bolmasa tu'we, a'ken'izdey boli'p, qartayg'anda woqi'w miyin'izge qonbay ju'redi.*

Solay yetip, qaraqalpaq tilinde ayi'ri'm *ma-me, ba-be, pa-pe, da-de, ta-te, mi'-mi, bi'-bi, pi'-pi, shi'-shi, san'o-sen'o* janapaylari' ga'p ishinde wo'zleri baylani'si'p keletug'i'n so'zlerdin' seslik du'zilisine g'a'rezli boli'p singarmonizm ni'zami'na bag'i'ni'p kelse, ayi'ri'm janapaylar wo'zleri baylani'si'p keletug'i'n so'zlerdin' seslik du'zilisine g'a'rezsiz boli'p, singarmonizm ni'zami'na bag'i'nbaydi'. Mi'sali': *U'yde si'ndi'rmag'an chaynek kese qaldi'rmadi', bir ilaji'n aytesson'o! Qa'dir bilis ag'an' yedi.*

Qullasi' Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde jumsalg'an janapaylardi'n' wo'zine ta'n fonetikali'q variantlari' ken' qollani'lg'an. Sebebi janapaylar birdey ma'ni an'latqani' menen, wolardi'n' seslik wo'zgeshelikleri ayqi'n ko'rinip turadi'. Awi'zeki so'ylew tiline ta'n bolg'an janapaylardi'n' ken' qollani'li'wi' jazi'wshi' tilinin' wo'zinshelik bir tillik wo'zgesheligi boli'p yesaplanadi'.

## 2. Janapaylardi'n' grammatikali'q si'patlamasi'

Janapaylar ko'mekshi so'zler boli'p yesaplanadi'. Wol wo'zinin' leksikali'q ma'nisine iye yemes, sonli'qtan da bul bo'lek turi'p ga'p ag'zasi' bola almaydi'. Morfologiyali'q jaqtan wolar wo'zgermeytug'i'n ha'm morfemalarg'a aji'ralmaytug'i'n so'zler.

Janapaylar basqa ko'mekshi so'zlerge sali'sti'rg'anda basqasha xi'zmet atqaradi'. Yeger tirkewishler ha'm da'nekerler tek so'zlerdi baylani'sti'ri'w xi'zmetin atqaratug'i'n bolsa, janapaylar so'zlerge ha'm so'z dizbeklerine, al geyde pu'tkil ga'pke de ha'r tu'rli qosi'msha ma'ni ju'klep, wolar modalli'q, ishki sezimlik, ta'sirlik, ma'nilerdi bildiriw ushi'n qollani'ladi'. Sonli'qtan da wolar ko'binese awi'zeki so'ylew tilinde ken' qollani'li'p, wo'zine ta'n intonatsiyag'a iye boladi'.

Janapaylar ma'nisi boyi'nsha modal so'zlerge jaqi'n, biraq wolar arasi'nda ayi'rmashi'li'qlar bar. Modal so'zler ga'pte kiris so'z, so'z-ga'p xi'zmetlerin atqaradi'. Al janapaylarda hesh qanday leksikali'q ma'ni joq. Wo'zlerinin' funktsiyasi'na qaray janapaylar affikslerge de jaqi'n turadi'. Biraq affiksler bo'lek so'z yemes, tek so'zdin' sostavi'nda g'ana qollani'li'p belgili bir ta'rtipte wornalasadi'. Ma'selen qaraqalpaq tilinde so'zlerde da'slep so'z jasawshi' affiksler, wonnan keyin forma jasawshi' affiksler, son'i'nan so'z wo'zgertiwshi affiksler keledi: *bo'l-im-she-ler-imiz-den.* Al janapaylar jeke so'z boli'p, wolar so'zdin' aldi'nda da, keyninde de ha'tteki so'zdin' ishinde de kele beredi. Mi'sali': *tek sen, adam g'oy, barmi'san'.* Sonday-aq janapaylar tek bir so'z shaqabi'na g'ana tiyisli yemes, wol qa'legen so'z shaqabi' menen dizbeklese beredi ha'm ha'r qi'yli' ma'nilerdi an'latadi'.

Janapaylar – ko'mekshi so'zlerden bolg'an so'z shaqaplari'ni'n' ishinde shatasli' grammatikali'q kategoriyalardi'n' biri.

Grammatikali'q xi'zmetine qarag'anda janapaylar, bir jag'i'nan. da'neker menen tirkewishlerge bir qansha jaqi'n bolsa, yekinshi jag'i'nan modal so'zlerge

de jaki'nday ko'rinedi.[1] Biraq wolar wo'zine ta'n wo'zgeshelikler arqali' ayi'ri'li'p turadi'.

1.Janapaylar leksikali'q ma'nini bildirmeydi, al abstrakt grammatikali'q ma'nini bildiredi. Sonday-aq, wolar ayi'ri'm turi'p ga'p ag'zasi' da bola almaydi': *yen', ju'da', di'm, da'l, g'oy, asa, worasan, wo'te, sira', tek, sarras, si'maq* ha'm t.b.

2.Janapaylar ga'pte ayi'ri'm qollani'lmaydi', al basqa ma'nili so'zler menen birge qollani'li'p, wolarg'a qosi'msha yaki u'steme ma'ni ju'kleydi, ha'm wolardi'n' ayi'ri'mlari' ga'pke modalli'q, ishki sezimlik, ta'sirlilik ma'nilerdi bildiredi: *-Wa-ay wa'la'tizna'-a'y! –dedi. –Tabi'tti' g'ana mingir! Arg'i' jag'ag'a shi'g'i'wi'n' kerek yeken, ha bir awi'z sorasan' da beremen g'o!-dep, bermeytug'i'n qayi'g'i'n' da beretug'i'n boli'p ati'r. Biraq, inim, di'm to'religin'iz joq adam yekensiz, -dedi Biybala na'rse ashi'wlanbag'anday mi'yi'q tarti'p.*

3.Janapaylar pu'tin so'zdin' jari'm-jarti' bo'lekshesi si'pati'nda *ma-me, da-de, di'-di, sha-she, shi'-shi, -a, -a', sa-se,* al geyparalari' pu'tin so'z formasi'nda da (*nag'i'z, asa, misli, gilkiy, awa, jaqsi' maqul, joq, jaq*) qollani'lg'an. Pu'tin so'zdin' jari'm –jarti' bo'lekshesi si'pati'ndag'i' janapaylarg'a *-a, -a', da-de, ta-te, di'-di, ti'-ti, ma-me, ba-be, pa-pe, she, shi'-shi, sa-se, ay, aw, da', aq, mi's/-mis, mi'sh/-mish, g'oy, tek, g'ana, tu'we, yemish, si'maq* janapaylari' kiredi.

4.Janapaylar ga'ptegi qollani'li'w worni'na qaray wo'zleri baylani'si'p keletug'i'n ma'nili so'zlerdin' aldi'nda da (*tek, gilkiy, nag'i'z, sira', wo'te, di'm, ju'da'*), keyninde de (*-aw,-a',-a, da', she, shi'-shi, da-de, ma-me, -aq, g'oy, g'ana*), geyde so'zdin' ishinde de (*mi'-mi,pi'-pi, bi'-bi, uyde-mi-sen', usta-mi'-san', sheshen-bi-sen'* ha'm t.b.) kelip, ga'pte ha'r qi'yli' ma'nilerdi beriw ushi'n qollani'lg'an.

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ Әдебий тилиниң грамматикасы Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис: 1994. 391-бет.

5. Janapaylar forma jasawshi' xi'zmetinde de qollani'ladi' (mi'sali': *bar-barma,woti'r-woti'rma, isle-isleme*).

Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi janapaylar shi'g'i'si' jag'i'nan yeki toparg'a bo'linedi: nag'i'z yaki tu'pkilikli janapaylar ha'm basqa so'z shaqaplari'nan qa'liplesken janapaylar.

*a) Nag'i'z yaki tu'pkilikli janapaylar.* Bunday janapaylar si'rtqi' tu'ri jag'i'nan putin so'zdin' jari'm-jarti' bo'lekshesi tu'rinde qollani'ladi' ha'm ga'p ishinde tek janapayli'q ma'nide qollani'ladi'[1]. Bul janapaylarg'a *tek, aw, -a, a', g'ana, da, da', she, shi'-shi, wo's, tu'we, ap (ani'q), jap (jaqsi'), qi'p (qi'zi'l), sap (sari'), kip (kishkene), ku'pa' (ku'ndiz)* t.b. Mi'sali': *Qudaybergen shundi'y jer menen jeksen boldi'-a'! Biraq, ag'i'lshi'n tili me yedi, mi'na «Zinger» mashi'nlardi' a'kelip ju'rgenlerdin' tili-she. –Usi', ha'r kimnen bir ga'p yesitip, sari' uwayi'mg'a bati'p ju'rgenshe ko'zim menen ko'rip, kewilimdi a'njamlap qaytayi'n-shi'! –dep pa'tlendi g'arri'. Tap, mi'na kepkir g'i'jlap tur-aw, qi'p-qi'zi'l!*

*b) Basqa so'z shaqaplari'nan qa'liplesken janapaylar.* Janapaylardi'n' bul tu'ri tiykari'nan, sonday-aq ayi'ri'm ko'mekshi so'zlerden boli'p, wolar ga'pte ba'rqulla janapayli'q xi'zmette qollani'w arqali' birotala janapay boli'p qa'liplesedi. Bul toparg'a to'mendegi janapaylar kiredi: *yen', ju'da', di'm, worasan, asa, ku'ta', wo'te, sira', nag'i'z, sarras, misli, da'l, bir, g'oy, a'ne, mine, ha'm, da, de* t.b. *Til xati'm qa'ne,-dedi Nazarbay sarras jigirma tog'i'z kilo da'ndi qapshi'qqa quyi'p bolg'anan son'. Tu'sinemen g'oy inim, bir hag'i'nan kelip ati'rmandag'i'! Biz bir tozg'an adambi'z, jatami'z da, turami'z da. Aqi'ri', sonsha labi'r ba'kendi qi'rg'a shi'g'ari'p taslag'an tolqi'n woni'n' qara sho'girmesin-ha'm serpip taslawi' mu'mkin yedi-da'!*

[1] Ҳәзирги қарақалпақ Әдебий тилиниң грамматикасы Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис: 1994. 393-бет.

Qaraqalpaq tilinde janapaylar du’zilisi jag’i’nan dara ha’m quramali’ janapaylar boli’p yekige bo’linedi.

a) Dara janapaylarg’a qurami’ jag’i’nan tek g’ana bir so’zden bolg’an janapaylar kiredi: *g’oy, g’ana, a’ne, tek, misli, da’l, di’m, nag’i’z, sarras, yen’, ju’da’, asa, ku’ta’, wo’te, sira’, tu’k, hasla, wog’i’ri’, gilkiy* ha’m t.b. Mi’sali’: *Jas tulg’a jasli’g’i’na bari’p, Allayar yerten’ine-aq tu’k ko’rmegendey tik ayag’i’nan basi’p, g’arri’nikine keldi. Dos pa, dushpan ba,-qi’zi’l ma, ko’k pe, usi’ ma’ha’l de g’arri’g’a buni’n’ tu’k parqi’ joq, tek, mi’na apattan qutqarsa bolg’ani’ yedi..*

b) Quramali’ janapaylarg’a yeki yamasa wonnan da arti’q so’zlerdin’ dizbeginen bolg’an janapaylardi’n’ topari’ kiredi: *tek g’ana, yen’ asa, ju’da’* ha’m t.b. Mi’sali’: *G’arri’ buni’n’ ag’ash yemes shi’nji’r yekenligin, wo’zinin’ usi’ shi’nji’rg’a yeshekke mingendey minip turg’ani’n, ha’tte ayaqlari’ni’n’ sanasi’nan biyg’a’rez ashi’ri’m ali’p taslag’ani’n-ha’m sezdi, wo’ytkeni, wo’ldim azarda jutani’p jutqan bir juti’m hawasi’ tek g’ana jan yemes, sanasi’n da yendirip u’lgergen yedi.*

Janapay so’zler wo’zine ta’n ma’nilik wo’zgesheligine qaray to’rt toparg’a bo’linedi: 1. Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylar; 1. Modalli’q ma’ni beriwshi janapaylar; 3. İshki sezimlik ha’m ta’sirlilik ma’ni beriwshi janapaylar; 4. Forma jasawshi’ janapaylar.[1]

### 1. Qosi’msha ma’ni beriwshi janapaylardi’n’ grammatikali’q wo’zgesheligi

Bul tu’rge kiretug’i’n janapaylar wo’zleri qatnasli’ bolg’an so’zge yaki ga’pke ha’r tu’rli qosi’msha ma’nilerdi ju’kleydi. Bunday janapaylardi’n’ ayi’ri’mlari’ woy-pikirdi ani’qlaydi’, gey birewleri ga’ptin’ ma’nisin ku’sheytip ko’rsetedi, al tag’i’ birewleri siltew yaki bag’darlaw ma’nilerin beredi. Mine,

[1] Ҳәзирги қарақалпақ Әдебий тилиниң грамматикасы Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис: 1994. 395-бет.

usi'nday ha'r tu'rli ma'nilik tu's beriwlerine baylani'sli' wolar, tiykari'nan to'mendegi tu'rlerge bo'linip qaraladi'.

*a) Ani'qlaw janapaylari'.* Bunday ma'nini bildiretug'i'n janapaylarg'a *g'oy, da', aw, nag'i'z, da'l* janapaylari' kiredi. Bul janapaylar ga'p aqi'ri'ndag'i' so'zdin' keynine dizbeklesip kelip, ga'pten an'lasi'latug'i'n woy-pikirdi ani'q ha'm isenimli yetip beriw ushi'n qollani'ladi'. Mi'sali': *Da'ryadan wo'tken son' wo'z baydali'n'a sen ketersen'-aw, men men qay go'rge qasharman, u'yge qaytaman-g'oy!...(Shi'rashi'lar).*

*Jol-jo'nekey wotaw, wotaw,*

*Bul zamanda sharwa xot-aw (Qi'yal atawi').*

*b) Ku'sheytiw janapaylari'.* Bul tu'rdegi janapaylarg'a *da-de, dag'i' , ha'm, -aq* janapaylari' kiredi. *Da-de* janapayi' ga'pte belgili bir so'zdin' keynine dizbeklesip kelgende, dizbeklesip kelgen so'zlerdi basqa so'zlerge qarag'anda ayri'qsha ku'sheytip ko'rsetedi. Mi'sali': *Wo'li–tirisin aldi' menen bildiretug'i'n da wo'zim.* Sonday-aq *da-de* janapayi' waqi't bag'i'ni'n'qi' ga'plerdin' *g'an (i'm) da, -g'an+waqi'tta (ma'ha'lde, gezde* t.b.) *g'annan+keyin, g'annan+son', g'an+son'* formali' bayanlawi'shlari'na dizbeklesip kelgende, wol bag'i'ni'n'qi' ga'pten an'lasi'latug'i'n waqi'tli'q ma'nini anag'urli'm ku'sheytip ko'rsetedi. Mi'sali': *Qi'z «uh»! dep yesikten shi'g'i'p barati'rg'anda da, shegir ko'z wo'kshesine qarap qalg'an yedi.- Wo'rge barati'rg'annan son' da, bala yeskek qayi'qti'n' ju'risi wo'nip ne jalshi'si'n.*

*Ha'm* janapayi' da'nekerlik xi'zmetti atqari'wi' menen birge, wo'zi dizbeklesip kelgen so'zdin' ma'nisin ku'sheytip keliw arqali' janapayli'q xi'zmette de belgili da'rejede jiyi qollani'ladi'. Mi'sali': *Sonli'qtan ha'm wo'mirdin' usi'nday zan'li' kubi'li'slari'na teginlikte tan'lanbaytug'i'n, teginlikte harg'i'nli'q sho'kken ko'zlerin jaslamaytug'i'n na'wqi'ranlardan yedi. Sebebi, musi'lman musi'lmang'i' basbashi'li'q yetse sha'riyatqa shar*

*keltirgen boladi', bulardi' «basbashi'» degen-ha'm gu'nag'a bata ma dep qorqaman (Shi'rashi'lar).*

Sh. Seytov *-aq* janapayi'n da shi'g'arma tilinde woni'n' ma'nisin ku'sheytip ko'rsetiw ushi'n sheber qollang'an. Mi'sali': *Qashshannan baydi'n' wo'zine suqlani'p ju'rgenin sezgen qi'zdi'n' sol waqi'tta -aq tabani' tartpap yedi-aw. Wo'zinin' bul jigitti arg'i' jag'ag'a shi'g'ari'p keliwge waqti'ni'n' joq yekenligin, qaran'g'i' tu'se berse da'ryani'n' wortasi'na ju'zip bari'p, qaran'g'i'da shi'ra jag'i'w qi'yi'n yekenin, azmaz tasalani'p tursa, shi'ralari'n jag'i'p boli'p, tu'nletip-aq arg'i' jag'ag'a wo'tkerip taslaytug'i'ni'n aytpaqshi' yedi.*

*v) Aji'rati'w yaki sheklew janapaylari'.* Bul janapaylarg'a *tek, tek g'ana, bolsa, ta'nha, gilkiy, i'lg'i'y, gil, gilen'* janapaylari' kiredi. Bul janapaylar Sh. Seytov shi'g'armalari'nda wo'zi qatnasli' bolg'an so'zdin' aldi'nan kelip, woni' basqalardan bo'leklep, aji'rati'p, yamasa sheklep ko'rsetiw ushi'n qollani'ladi'. Mi'sali': *Qara qag'azi' tag'i' bar, tek g'ana a'kem bunda joq. Jetkermeyik bulardi'!... Tek, bala aytqandi' qi'lsa boldi'!...*

*g) Siltew janapaylari'.* Bunday qosi'msha ma'nilik tu's beriwshi siltew janapaylari'na *a'ne, mine, a'nekey, minekey* janapaylari' kiredi. Bul shi'g'arma tilinde wo'zi baylani'si'p kelgen so'zge, ko'binese ga'pke siltew, nusqaw, na'zerin awdari'w, juwmaqlaw usag'an qosi'msha ma'nilerdi bildiredi. Mi'sali': *A'ne, azamat!- dedi Qalmurat woni'n' arqasi'nan qag'i'p. Yendi «tandi'rdi'n' basi'na ko'terip apar» deyin dese, «mi'naw balasi' tu'spegirdin' yesikten basi'n bir suqpawi'n qara!» (Shi'ashi'lar). A'ne, joldaslar, buni'n' ha'mmesine kollektivizm ruwxi'n saag'a sin'diriw arqali' yerisip ati'rmi'z. –Mi'na jerge a'lpeshlep jatqari'n'dag'i', u'stine yesheginin' jabi'wi'n a'kelip jawi'n',-dep buyi'rdi'.*

## 2. Modalli'q ma'ni beriwshi janapaylardi'n' grammatikali'q wo'zgesheligi

Bunday janapaylar ga'pke subektivlik qatnastag'i' ha'r tu'rli qosi'msha ma'nilerdi ju'kleydi. Da'l aytqanda, wolar ga'ptegi ayti'lg'an woy-pikirge yamasa qanday da bir qubi'li'slarg'a tu'rlishe modalli'q ma'nilik tu's beredi. Ma'selen soraw, gu'man, buyri'q si'yaqli' ma'nilik tu's berse, al basqa bir toparlari' ga'ptegi ayti'lg'an pikirlerdi maqullaw yamasa biykarlaw qusag'an modalli'q ma'nilerdi an'latadi'. Wolar ma'nilik ayi'rmashi'li'qlari'na qaray soraw janapaylari', maqullaw janapaylari', biykarlaw janapaylari', sali'sti'ri'w janapaylari' ha'm modal buyri'q boli'p bo'linedi.

*a) Soraw janapaylari'.* Bunday modalli'q ma'ni beriwshi soraw janapaylari'na *ma-me, pa-pe, ba-be* janapaylari' kiredi. Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde bul janapaylar atawi'sh so'zler menen de, ra'wish ha'm feyil so'zler menen de, modal so'zler menen de dizbeklesip kelip, modalli'q sorawli'q ma'nide qollani'ladi'. Mi'sali': *Ha'zir monshada zavxoz ba, ya wot jag'a ma a'ytewir sonday bir jumi'sti' isleytug'i'n ko'rinedi. Sen sol Bakendi bir jerge baylap kettin' be, wo'z awani'na qaldi' ma, -dep soradi' – Atan' usi' topti'n' sesti yesitilip turg'an jerden yele kelmey ati'rma ? -Ilayi'q pa, i'layi'q yemes pe, ba'ri-bir, -dedi qarli'qpa dawi's penen.*

*b) Maqullaw janapaylarg'a awa, jaqsi', yaqshi', maqul, boladi', a'jep* janapaylari' kiredi. Wolar ayti'lg'an woy-pikirdin' maqullaw ha'm wog'an razi'li'q bildiriw si'yaqli' modalli'q ma'nini bildiredi. Bul janapaylardi'n' tu'rleri de Sh. Seytov shi'g'armalari'nda ken' qollani'lg'an. Mi'sali': *Sen ka'mpiti shi'g'i'n yetpe, ka'mpitsiz-aq ji'yi'p beremen ba'rin, biraq, keshte ka'mpitti bizge beresen', maqul ma?*

*-Maqul bolg'anda qanday!*

*-Tak, Yesjan ag'a,jasi' u'lkenligin' ha'zir ju'rmeydi, shoshayman'di' basi'n'qi'ra da to'men bug'i'p woti'r. Komandasi'z aytpaysi'z!... –Maqul, maqul…*

*-Yaqshi', yaqshi', may bermeymiz. –Worazdi'n' wo'zine ta'n hususiyati' –buni'n' mudami' qanjari' qan'si'rap ju'redi.*

*-Yaqshi',-worni'nan Qarabekov wo'rre turdi'.*

*-Yeki saat ta'nepis!*

*-Jaqsi'-i', ku'ta' jaqsi'-i'! –dedi obkom sekratari'. Qarabekov Worjanovqa mi'rs yetti.Worjanov ko'p maqtap jibergenin bilip, yernin tislep ala jazladi'.*

*-Yaqshi', yaqshi', Jan'abay, so'ytsen' so'yte g'oy, -dedi Qunnazar ju'da' hayran qalarli'q bir salqi'nli'q penen.*

*v) Biykarlaw janapaylari'* bul janapaylar Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde ma'nisi jag'i'nan ayti'lg'an woy-pikirdi biykarlaydi' ha'm wog'an narazi'li'q bildiredi. Biykarlaw yaki narazi'li'q si'yaqli' modalli'q ma'ni *joq, jaq, (yaq), yemes* qusag'an janapaylardi'n' qatnasi'wi' arqali' bildiriledi. Mi'sali': *Ja-aq, wolar watani'nan bezbeydi, tek qara basi'n ali'p qashi'p ju'rgen adamlar. Wolar qayti'p keledi, bayi'wli'ni' ushi'ri'p jiberedi yele (Shi'rashi'lar). Ja-aq! wo'ltireme-n! wo'ltirmesem, yerten' meni wo'ltiredi! –degen iri ha'm aybaraqli' dawi's yesitildi. –Joq Woraz, -g'arri' basi'n shayqadi',- wolay yetsen', isti nasi'rg'a shapti'rasa'! Sen qi'zdi' zorlap a'ketken bolasan'. –*

*-Yaq senin' balan'nan awlaq, kishe. Men qaytayi'n…*

*Qi'rqi'mg'a tayarli'g'i'n, mal-hali'ni'n' awhali'n, a'sirese, su'rimge wo'gizlerdin' tayarli'g'i'n bil, basqa ma'seleler bolsa ko're beremiz –dedi de: - A'y, yaq, -dep ipkirinen qaytti' tag'i'.*

*- Wa'y, yag'a'y! -Ga'pti bo'ldi basli'q.*

*- Qarar duri's shi'qqan.*

*-Yaq-yaq-yaq! Men wo'mirimde wo'linin' ju'zine u'n'ilip ko'rgen yemespen.*

*g) Sali'sti'ri'w janapaylari'.* Bug'an *tu'we, tap, misli* si'yaqli' modalli'q ma'ni beriwshi janapaylar kiredi. Solardi'n' ishinde *tap, misli* janapaylari'

Sh. Seytov shi'g'armalari'nda wo'zi dizbeklesip kelgen so'zdin', so'z toplamlari'ni'n' yaki ga'ptin' aldi'nda keledi, al *tu'we* janapayi' wo'zi qatnasli' so'zdin' keyninen keledi. Wolar qanday da bir zatti', waqi'yani' bir zatqa yamasa waqi'yag'a sonday-aq da'slepki ga'ptegi woy-pikirge son'g'i' ga'ptegi woy-pikirdi sali'sti'ri'w ushi'n qollani'ladi': Mi'sali': *Qulazi'g'an du'zde jalg'i'z jolawshi' ushi'n bunday qaran'g'i' tu'n tu'we ku'ndizdin' wo'zi g'ulg'i'lali'. Tap usi' ku'nleri iytten utqan adam jo-oq, bunday uwayi'm joq, soni'n' ushi'n da tap usi' ku'nleri iyttin' i'g'bali' jen'ip tur –degen bir jinli qi'yal keldi basi'na. Menin' sol jeti jas tu'we woni'n' arg'i' jag'i'nda wo'tkergen ku'nlerim de yadi'mda tasqa qashalg'an tan'baday sayram-sayram boli'p qalg'an. Son' wo'z qoli'nan jatqi'zi'p Bag'diyardi'n' qanday joralari' bar yekenin tap usi' bu'gin ug'asan'!. «Adam tu'we tawi'q soyi'wg'a qorqatug'i'n adam, adam wo'ltiredi-aw».*

*D) Modal -buyri'q janapaylari'* Sh. Seytov shi'g'armalari'nda ko'binese buyri'q meyilden bolgan bayanlawi'sh so'zlerge dizbeklesip kelip, wo'zi dizbeklesken kelgen so'zge buyri'q, tilek, wo'tinish, wo'kiniw, gijiniw si'yaqli' ha'r tu'rli modalli'q ma'nilerdi beriw ushi'n qollani'ladi'. Bug'an *shi'-shi, san'a-sen'o, san'o, da', sa, se, wo'y, wo's, sesh* janapaylari' kiredi. Mi'sali': *Sizler sira' uslamaysi'z, aqi'ri', yendi qa'wmi qari'ndas bolg'an joqpi'z ba, jamanli'g'i' «Ag'ajan iyshani'n' qudasi'man» dermen, - dep yedi, «so'z ju'yesin tapsa, mal iyesin tabadi'» degen usi' da', Sa'rdar Ha'y, tursan'a',mi'na diywana qaynag'ani'n' u'yine qan quyi'lg'an qusaydi'. G'arri' ne derin bilmey, sam-saz boli'p qaldi', wog'an yendi ko'riw-ko'rmesi na'gu'man boli'p, duri'si'rag'i', ko'riwden u'miti u'zilip barti'rg'an jalg'i'z balasi'ni'n' iyisi sin'gen shoshayma ba'rinen abzal yedi, soni' qa'ne yendi bularg'a ayta alsan'! -A'tirap sol da'rejede ji'm-ji'rt! ya bir yeshektin' an'qi'rg'ani', ya aspannan ushqan qus qanati'ni'n' si'psi'n'i' yesitilsesh!... -Woti'rsan'a', Qunnazar ag'a, ne ayti'p*

*woti'rg'ani'n'! -Barsan'o! Nege baqi'rayasan'? – dep, baqi'ri'p jiberdi Jan'abay.*

**3.İshki sezimlik ha'm ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylardi'n' grammatikali'q wo'zgesheligi**

Bul janapaylar tiykari'nan ishki sezimlerdi ku'sheytip ha'm ta'sirli yetip, wo'tkirlestirip beriw ushi'n qollani'ladi'. Bul janapaylar da ishki sezimlik ma'ni beriwshi janapaylar ha'm ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylar boli'p bo'linedi. Sh. Seytov bul janapaylardi' qollani'w arqali' shi'g'armani'n' tilin ta'sirli yetip wo'tkerlestirip beredi. Mi'sali': «*Ari'slanni'n' arqasi'n si'ypasan' da jaqpaysan'» degen usi' yeken -da', so'ylemey-aq qoyayi'q wonda!*

*a) İshki sezimlik ma'ni beriwshi janapaylar.* Bularg'a *-aw, a'y, -a, a', mi's-mish, yemish, si'maq,* janapaylari' kiredi. Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde bul janapaylar so'zdin' keynine dizbeklesip kelip ishki sezimdi ku'sheytip ko'rsetiw ushi'n qollani'ladi'. Mi'sali': *Wo'yipbey, lapi'zi'ni'n' ken'in-ay! «Bay-bay, yele Qi'pshaq qayda, birew qayda-a! İshte da'nletpe jog'i'nda ku'nnin' quti'ri'wi'n aytsan'-a'! ..» dedi yeshegine ayti'p ati'rg'anday yesittirip. Pay bayg'us-ay, bayg'us-ay! Haw, ko'sewde de ay shag'i'lsadi' yeken-aw, mi'lti'qti'n' su'mbeside shag'i'li'satug'i'n yedi, da'l wo'zi!...*

Sh. Seytov joqari'da keltirilgen mi'sallarda janapaylardi' tan'lani'w, qi'ynali'w ha'm kek yetiw ma'nilerde ishki sezimlerdi yele de ku'sheytip ko'rsetiwde jiyi qollang'ani'n ko'remiz.

*b) Ta'sirlilik ma'ni beriwshi janapaylar.* Bug'an *ap, jap, qi'p, sap, qap, i'p, sup, kip, u'p, dop, qup, map, up, ku'pa', mo'p, bop, tip, sip, si'p, tup, ju'da', ku'ta', worasan, asa, yen', sira', di'm, wog'i'ri', nayati'y, din', shi'm, shi'lt* janapaylari' kiredi. Bul janapaylar shi'g'armada wo'zi baylani'si'p keletug'i'n so'zdin' aldi'nda kelip kelbetlik, geyde atli'q ha'm ra'wish so'zlerdin' ma'nisin ku'sheytip ko'rsetedi. Tilimizdegi *qi'p, sap, qap, i'p, sup, kip, u'p, dop, qup, map, up* janapaylari' qa'legen so'zdin' aldi'nda turi'p dizbeklesip kele bermeydi, wolar az sandag'i' ma'nilik jaqtan u'ylesip keletug'i'n so'zler menen

g’ana dizbeklesip keledi. Ma’selen, *qap-qara, mo’p-mo’ldir, u’p-u’lken, sip-siyrek* ha’m t.b. Bul janapaylardi’n’ tu’rleri shi’g’arma tilinde ju’da’ ko’p qollai’lg’ani’n ko’riwge boladi’. Mi’sali’: *Shapang’a jumbay-jumbay jumalag’an ji’p-ji’lli’ jas tamshi’lari’ aqsaqaldi’n’ ju’regin yeljiretip, kem-kemnen biytaqat yetip barati’rg’anday sezildi. Jan’abaydi’n’ qatti’ tislengenligi sonshelli, yeziwi yeki jaqqa jiger menen i’rbi’yg’an awzi’nan asqabaqti’n’ shopag’i’nday ip-iri titslerin biyma’lel sanap ala beresen’. Jup-juqa, sup-suli’w ju’zine ko’zinin’ qi’yi’g’i’n sali’p juti’ndi’ da: -Joli’n’ boli’p man’layi’n’ kere qari’s ashi’lg’an nashar yekensen’! Sayi’mbet ag’a seni atleshniy kolxozg’a jiberdi! –dep maqtadi’.*

*Aspanbiyg’ubar, a’lem bir a’jayi’p go’zzalli’qqa bo’gip ati’r yedi.*

**4. Forma jasawshi’ janapaylardi’n’ grammatikali’q wo’zgesheligi**

Janapaylardi’n’ bul tu’ri wo’zinin’ da’slepki so’z tu’rinen ayi’ri’li’p, wolar tilimizde so’zlerdin’ ha’r tu’rli formalari’n jasaw ushi’n qollani’ladi’. Bug’an *ma-me, ba-be, pa-pe, mi’-mi, bi’-bi, pi’-pi, yemes* janapaylari’ kiredi. *Ma-me, ba-be, pa-pe* janapaylari’ shi’g’arma tilinde feyildin’ tiykari’na jalg’ani’p, woni’n’ boli’msi’z formasi’n jasaydi’. Mi’sali’: *Hesh di’bi’s yesitilmedi, gu’mbirlep top ati’li’p ati’rmasa, basi’ni’n’ mi’na shandi’li’wnan yestiwide mu’mkin yemes yedi. G’arri’ na’shebent bolmasa da wo’ldegen shayqumar, «ji’qqi’n ketti» dese de azang’i’ shayi’n buzbay ishetug’i’n, bir terlemegenshe quri’si’ tarqamytug’i’n qi’yli’nan yedi.*

- *A’kep ko’rsetpesen’, bolji’qda’l! -degen Worazdi’n’ qi’yg’i’ri’g’i’n yesikten shi’g’i’p barati’ri’p qulag’i’ shaldi’ g’arri’ni’n’.*

*Alan’ bolmay, jaqti’ tu’siwden turi’p kel, uyqi’n’ qanbasa, ku’ni menengi jumi’si’n’ biybereket boli’p wo’nbeydi.*

*Ma-me* janapaylari’ ta’kirar so’zlerdin’ birinshi si’n’ari’na jalg’ani’p, yeki so’zdi bir-birine baylani’sti’ri’wshi’ element boli’p,

shi’g’armada so’zdin’ jan’a formasi’n jasaydi’. Mi’sali’: *Allambergen degenlerin’ u’yinde qong’andi’ qoydi’, qolpi’ldati’p at shapqani’ shapqan, u’yme-u’y kirgeni kirgen…*

*Mi’-mi* janapaylari’ shi’g’armada II –bettin’ betlik affiksinin’ aldi’nda qollani’li’p, soraw ma’nisin an’leti’p kelip qollani’ladi’. Mi’sali’: *Yendi mag’an qi’zi’lsan’ dep jala jappaqshi’mi’san’. – Jinlimisen’ wo’zin’, wa’y sena’m hindemegen sayi’n! Basli’q degen iri jumi’s penen woylani’sar bolar, woti’rmi’san’ sol shunatayday shekiynege jabaday qoli’n’di’ sozi’p a’kel beri!*

*Ha* –janapayi’ shi’g’armada birdey ta’kirarlang’an so’zlerdi baylani’sti’ri’p, wolardi’n’ ma’nisin ku’sheytip ko’rsetedi. Mi’sali’: *«Qayt ha qayt», dep wo’zi quwi’p jiberdi, sog’an shekem may ha’m jetip keler – dedi, qaydan bileyin men bunday bolatug’i’ni’n!*

*«Ayt ha ayt!» degenler ha’zir arami’zda bug’i’p woti’r,- dedi Babaniyaz basli’q.*

*Turg’an qash, qash-ha’ qash! Jan’abay Toymani’n arqalap qashti’.*

*Yemes* janapayi’ shi’g’armada atawi’shlarg’a ha’m feyillerge dizbeklesip kelip, wolardi’n’ boli’msi’z formasi’n jasaydi’. Mi’sali’: *«Ya-aa toba-a! Bul adam yemes, jinshaytan shi’g’ar!» degen woy keshti sa’rdardan.*

**Qospa ga’ptin’ qurami’ndag’i’ jay ga’plerdin’ janapaylar arqali’ baylani’si’wi’**

Sh. Seytov shi’g’armalari’ tilinde bag’i’ni’n’qi’li’ qospa ga’plerdin’ jay ga’plerin janapay so’zler arqali’ da baylani’si’p keledi. *Ma-me, ba-be, pa-pe, da-de, ta-te, -aq, ha’m* janapaylari’ usi’nday baylani’sti’ri’w xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’: *A’n’gimenin’ tu’pda’regin aytqanda jawi’zli’q ta, a’sh-a’ptadali’q ta, jetimlik te, jesirlik te, qayg’i’dan to’gilgen ko’z-jaslarda bir jaqtan kelmeydi. İnsaniyat*

*jawi'zlyaqti' da haywannan u'yrengen yemes, sumli'qti', ta'sildi shaytannan u'yrengen yemes, insanni'n' ji'rtqi'shli'q, sumli'q aldi'nda yen' ji'rtqi'sh haywan da, shaytan da ma'zi bir quwi'rshaq!*

*Da-de* janapayi' shi'g'arma tilinde sha'rt meyilinin' *sa-se* formasi'ni'n' keynine dizbeklesip bag'i'ni'n'qi' ga'p penen bas ga'pti baylani'sti'radi'. Mi'sali': *Wolar bir waqi'tlari' Ji'lanli'dan Xalqabadqa ko'shken shi'g'ar, dese de İzbasqanda buni' ti'n'larli'q awhal joq, tap ha'zir-aq aq kepterge aylani'p, ushi'p kete berejaq. G'arri' sa'rdar sozg'an bir sobi'q ka'bapti' alari'n alsa da, bir tu'yirin si'ti'p, awzi'na salari'n salsa da, ya shaynay almay, ya juta almay awzi'n sampi'ldata berdi.*

*Da-de* janapayi' waqi't bag'i'ni'n'qi' ga'plerdin' *-g'an (i'm) da, -g'an +waqi'tta (ma'ha'lde, gezde t.b.), -g'annan+ keyin, -g'annan+ son', -g'an+ son'* formali' bayanlawi'shlari'na dizbeklesip kelgende, wol bag'i'ni'n'qi' ga'pten an'lasi'latug'i'n waqi'tli'q ma'nini anag'urli'm ku'sheytip ko'rsetedi. Mi'sali': *Qi'z «uh»! dep yesikten shi'g'i'p barati'rg'anda* <u>*da*</u>*, shegir ko'z wo'kshesine qarap qalg'an yedi.*

Analitika-sintetikali'q tu'rdegi bag'i'ni'n'qi'li' qospa ga'plerge bag'i'i'n'qi' ga'ptin' *sa* formali' sha'rt meyilden bolg'an bayanlawi'shlari'na *da-de, ta-te, ha'm* janapaylari'ni'n' dizbeklesip keliwi arqali' baylani'sqan bag'i'ni'n'qi'li' qospa ga'plerinin' toparlari' kiredi.[1] Bunday analitika – sintetikali'q tu'rdeni bag'i'ni'n'qi' ga'pler shi'g'arma tilinde jiyi ushi'rasadi'. Mi'sali': *Ma-ala-de-es, Yesjan ag'a! –degende «maladesine» tu'sinbese* <u>*de*</u>*, maqtaw ga'p yekenin an'lag'an g'arri' salmadan shi'g'a juwi'ra jazlap qaldi'.*

Sonday-aq Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde *aq* janapayi' kelbetlik feyil, hal feyil formalari' menen dizeklesip bag'i'ni'n'qi'

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис. Нөкис, Билим 1992, 460-бет

ga'p penen bas ga'pti baylani'sti'radi'. Mi'sali': *Wolardi'n' qarasi' sembey-aq qasi'na kirgen sa'rdar:*

*- G'arli'-i'! –dep dawi'sladi'.*

*Aq* janapayi' ten' bag'i'ni'n'qi'li' qospa ga'plerdi du'ziwde de Sh. Seytov shi'g'armalari'nda jiyi qollang'an. Mi'sali': *Bular kelemen degenshe «bolari' boli'p, boyawi' sin'ip ketken» wo'kinishli payi'tlarda -ha'm kewillerine xat penen qa'lem, ant penen ni'zam boli'p qalg'an kiyeli wazi'ypalari' bar: bunday awi'lda yendi wolarg'a keregi, jaralang'anlar, ku'ygen tayaqtan a'bden silesi qatqan, yamasa bir qundan tiymey-aq qori'qqani'nan jan-iymani' bir qi'si'm boli'p woqpanlarg'a, uralarg'a kirip kiyati'rg'anlar. Papov kelip, Marziya, Dosjan, Allayar woti'rg'an arbani' qosi'wdi' buyi'rdi', bular go'rdin' jiyegine barmasa da arbada woti'ri'p-aq uzaqlawdan marhumlar menen xoshlasi'p qali'wi' kerek yedi.*

Janapaylar grammatikali'q jaqtan basqa so'z shaqaplari'ni'n' tu'rlerinen pu'tkilley ayi'ri'li'p turadi'. Sebebi wolar wo'zlerinin' toli'q leksikali'q ma'nisine iye bolmag'anli'qtan, tilde dara yaki ayi'ri'm tu'rde qollani'lmaydi'. Soni'n' ushi'n da janapaylar dara turi'p ayi'ri'm qollani'li'w mu'mkinshiligine iye bolmag'anli'qtan, wolar ga'pte ayi'ri'm ga'p ag'zasi' bola almaydi'. Sonday -aq janapaylar tek ma'nili so'zlerdin' keynin de g'ana yemes, al wolardi'n' aldi'nda da, geyparalari' so'zlerdin' ishinde de qollani'ladi'. Bul janapaylardi'n' grammatikali'q jaqtan wo'zine ta'n wo'zgesheligine jan'asha qaraw kerekligin, wolar haqqi'ndag'i' tu'sinikke yelede belgili da'rejede itibar beriw kerekligin ko'rsetedi. Sonli'qtan da janapaylar ko'mekshi so'zlerden bolg'an so'z shaqaplari'ni'n' ishinde shatasli' grammatikali'q kategoriyalardi'n' biri boli'p, yelede til biliminde ilimiy jaqtan arnawli' izertlewdi talap yetetug'i'n so'z shaqaplari'nan yesaplanadi'.

# JU W M A Q

Janapay - ko'mekshi so'zlerdin' bir tu'ri. Wol wo'zinin' jekke leksikali'q ma'nisine iye yemes, sonli'qtanda bo'lek turi'p ga'p ag'zasi' bola almaydi'. Sonday-aq wol morfologiyali'q jaqtan wo'zgermeydi, morfemalarg'a aji'rati'lmaydi'. Janapay so'z ha'm so'z dizbeklerine qosi'msha ma'ni ju'klep wolarg'a ekspressivlik-emotsinalli'q ha'm modalli'q tu's yendiredi.

Qaraqalpaq tilindegi janapylar ma'nisi boyi'nsha to'rt tu'rge bo'linedi:

1.Qosi'msha ma'ni beriwshi janapylar

2.Modalli'q janapylar

3.İshki sezimlik ma'ni beriwshi janapylar

4.Forma jasawshi' janapaylar

Sh. Seytov shi'g'armalari' tilinde janapylardi'n' bul to'rt tu'ri de ken'nen qollani'lg'an.

Wolar so'zge ha'r tu'rli qosi'msha u'steme ma'nilerdi beriw ushi'n, sonday-aq modalli'q, ishki sezimlik, ta'sirlik ma'nilerdi beriwde qollani'li'p, jazi'wshi' shi'g'armalari'ni'n' tilin bayi'ti'p barg'ani'n ko'remiz.

A'sirese qosi'msha ma'ni beriwshi janapaylar bir qansha ko'p qollani'lg'an. Bul janapaylar woy-pikirdi ani'qlaw, isenimli yetip beriw, wo'zi baylani'sqa tu'sken so'zdin' ma'nisin ku'sheytiw, aji'rati'w, sheklew, sonday-aq siltew ha'm bag'darlaw si'yaqli' qosi'msha ma'nilerdi beriw ushi'n xi'zmet atqaradi'. Qosi'msha ma'ni beriwshi janapaylardan ku'sheytiw janapaylari' *da-de, ta-te, ha'm, aq, tag'i'* janapaylari' Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda ju'da' jiyi paydalang'anli'g'i' ko'rinedi. A'sirese, *da-de,* janapayi' qollani'li'w jiyilgi boyi'nsha birinshi wori'nda turadi'. *Aq* janapayi' da ku'ta' ko'p ushi'rasadi'. Qosi'msha ma'ni beriwshi janapaylardan ani'qlaw

janapaylari' qollani'li'w jiyiligi boyi'nsha ku'sheytiw janapaylari'nan keyingi wori'nda turadi'. Ani'qlaw janapaylari'nan *aw, g'oy* janapaylari' da ko'p paydalani'lg'an. Ani'qlaw janapaylari'nan *nag'i'z, da'l,* janapaylari' Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda ku'ta' siyrek qollani'lg'an.

Aji'rati'w janapaylari'nan *g'ana, tek, tek g'ana, bir, bolsa,* janapaylari' paydalani'lg'an. Wolardan a'sirese *g'ana, tek* janapaylari' ko'birek ushi'rasadi'. Al *gil, gilen', gilkiy, i'lg'i'y, ta'nha',* aji'rati'w janapaylari' Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda derlik qollani'lmag'an. Siltew janapaylari' da shi'g'armada jiyi paydalani'li'p, wolardan a'sirese *a'ne, mine* janapaylari' ko'birek qollani'lg'an.

2.Modalli'q ma'ni beriwshi janapaylar da Sh. Seytovti'n' shi'g'armasi'nda ko'plep ushi'rasadi'. Wolardan soraw janapaylari' ayi'ri'qsha ko'birek qollani'li'p *ma-me, mi'-mi, ba-be, pa-pe,* formalari' menen birlikte *she* tu'ri de paydalani'lg'an. Sali'sti'ri'w janapaylari'nan Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda *tap* ha'm *tu'we* janapaylari' ushi'rasadi'. *Misli* janapayi' bolsa shi'g'armada derlik ushi'raspaydi'. modalli'q ma'ni beriwshi janapaylardi'n' modal-buyri'q janapaylari' dep atalg'an tu'rine Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda w*o's, sesh, ha', san'o, qa'ne, wo, shi'* tu'rleri ushi'rasadi'. Biykarlaw janapaylari'nan *jaq, yemes,* tu'rleri, al maqullaw janapaylari'nan *awa, yaqshi',* sonday-aq awi'zeki so'ylew tilindegi *hawwa, awwa* tu'rleri ken' paydalani'lg'an. Bul janapaylar woy-pikirdi maqullaw, ha'm wog'an razi'li'q bildiriw si'yaqli' ma'nilerdi bildiredi. Maqullaw janapaylari'nan *a'jep, maqul boladi'* shi'g'armalar tilinde siyrek ushi'rasadi'.

3. İshki sezimlik ma'ni beriwshi janapaylardan *ay, mi'sh, mish, a'* tu'rleri paydalani'li'p bul janapaylar so'zdin' izine dizbeklesip kelip ishki sezimdi ku'sheytiw ushi'n qollani'ladi'.

Bulardan *a'* janapayi' ko'birek ushi'rasi'p, wol Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari' tilinde tan'lani'w, hayran qali'w, ha'wesleniw, renjiw

ma'nilerin bildirip keliwde qollani'ladi'. Al *mi's-mis, mi'sh-mish, meish, si'maq* janapaylari' shi'g'arma tilinde boljaw yaki shamalaw mi'sqi'llaw, kemsitiw si'yaqli' ma'nilerdi bildirip keliwde jiyi qollanadi'.

4.Forma jasawshi' janapaylar da Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'ni'n' tilinde ken' qollani'lg'an. Wolardan *ma-me, ba-be, pa-pe,* janapaylari' boli'msi'z feyillerdi jasaw ushi'n xi'zmet atqaradi'. *Mi'-me* janapayi' sonday-aq ta'kirar so'zlerdin' birinshi si'n'ari'na jalg'ani'p ta qollani'lg'an. Sonday-aq so'z ishinde de *mi'-mi* janapayi' qollani'li'p, so'zdin' jan'a formasi'n jasawda da ken' qollani'lg'an

Juwmaqlap aytqanda Sh. Seytovti'n' shi'g'armalari'nda awi'zeki so'ylew tili elementleri ko'p bolg'anli'qtan, wonda janapaylar ku'ta' wo'nimli qollani'lg'an. Wolardi'n' ko'pshiligi qaharmanlardi'n' awi'zeki so'ylew tilinde ha'r qi'yli' modalli'q ma'nilerdi an'lati'w ushi'n paydalani'lg'an. Sh. Seytov wo'z shi'g'armalari'nda janapaylardi'n' usi'nday awi'zeki variantlari'n qollani'li'wi' arqali' shi'g'arma tilin yelede bayi'ti'p barg'an ha'm bul jazi'wshi' tilinin' wo'zine ta'n wo'zgesheligi yekenligin ko'rsetedi.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar

1. Амиралиев К. Семантико- грамматические функции частиц тюркских языков- Автореф, дис. Канд.фил. наук.-Алма-Ата, 1980,

2. Базаров О. Частицы в узбекском языке. Автореф. дис.канд. фил. наук-Москва, 1983,

3. Bekbergenov A. Qaraqalpaq tilinde janapaylardi'n' klassifikatsisi' haqqi'nda Wo'zbekstan Respublikasi' İlimler Akademiyasi' Qaraqalpaqstan bo'liminin' xabarshi'si', 1992, №2

4. Бекбергенов А. Классификация частиц в каракалпакском языке. –XI научно-теоретическая конференция НГУ. Тезисы докладов и сообщений. Нукус,1987

5. Бекбергенов А. Модальные слова как самаостоятельная часть речи в современном каракалпакском языке. –Қарақалпақ тил билиминиң айырым мәселелери. Нукус, изд-во НГУ, 1987.

6. Berdimuratov E., Da'wletov A, Ha'zirgi qaraqalpaq tili, fonetika, leksikologiya, No'kis Qarqalpaqstan. 1979

7. Баскаков Н. А. Каракалпакский язык, II, фонетика и морфология, часть первая, М., 1952.

8. Da'wenov Ye. Qaraqalpaq tilinde ko'mekshi so'zler. No'kis. Bilim, 1994,

9. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili, Fonetika, -No'kis. Bilim, 1994

10. Дмитриев Н. К. Грамматика башкирского языка. М-Л. 1948.

11. Кенжебаев Ф. Послелоги и частицы в современном казакском языке. Автореф, дис. Канд.фил. наук.-Алма-Ата, 1964.

12. Qaraqalpaq til bilimi ma'seleleri. No'kis.: Qaraqalpaqstan, 1983

13. Мусаев К.М. Краткий грамматический очерк каракалпакского языка –Москва.: Наук,1977

14. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'. So'z jasali'w ha'm morfologiya. No'kis, 1994.

15. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No’kis, Qaraqalpaqstan 1981.

16. Qi’rg’i’z a’debiy tilinin’ grammatikasi’. I bo’lu’m, Fonetika jan’a Morfologiya, «ilim » basmasi’, Frunze, 1980.

17. Ысқақов А. Қазирги қазақ тили. Морфология. Алматы, 1974.

18. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi’. Stntaksis, No’kis, 1992.

19. Shrazov B. Qaraqalpaq tilinde janapaylardi’n’ seslik wo’zgeshelikleri. Wo’zbekstan Respublikasi’ İlimler Akademiyasi’ Qaraqalpaqstan bo’liminin’ xabarshi’si’, 2000, №1.

20. Shoabdurahmanov Sh. O’zbek tilida yordamchi so’zlar. Toshkent, 1953.

## Ko’rkem a’debiyatlar

1. Seytov Sh. Shırashılar, No’kis, 1986.
2. Seytov Sh. Xalqabad, No’kis, 1989.